ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№76 (22.984) ● 2015 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 22, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къахьа екъулІэныгъэхэм папщІэ икІи щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлуу зэрыщыдалажьэм къыхэкІыу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр етын

Отаров Исмэхьил Магомед и къуэм - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и Іэтащхьэм, Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ советым и тхьэмадэм

Полиенко Ольгэ Иван и пхъум - Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм социальнэ Іуэхухэмкіэ и къуэдзэм;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» щІэ лъапІэр фІэщын

КІуэкІуэ Руслан Іощэ и къуэм - Щэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм муниципальнэ мылъкумрэ щІы Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м
№54-УГ

КІуэкІуэ Юрий иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр хущхъуэкІэ къызэгъэпэщыным ехьэлІа Іуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьа зэІущІэ

● Дыгъуасэ

Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А., вице-премьер - узыншагъэр хъумэныкІэ министр Шэт И., Парламентым и профильнэ комитетым и унафэщІ Бгъэжьнокъуэ З., Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм щыІэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Бер М., Росздравнадзорым КъБР-м щиІэ управленэм и Іэтащхьэ Ахматов А., Урысей ФСКН-м КъБР-м щиІэ управленэм и унафэщІ Сокъур О. сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщащ хущхъуэкІэ къызэгъэпэщынир Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэу зэрыщытыр икІи абы властым гулъытэ хэха зэрыхуищІыпхъэр.

2014 гъэм республикэм щызэхалъхьащ щагъэхъуж Іуэхугъапіэхэр зыхэзныкъуэну хущхъуэкІэ къызэгъэпэщыным, льготэ зиІэхэм папщІэ гъэтІылъыгъэхэр ящыным теухуауэ. Хущхъуэхэр къэщэхунир зым и Іэмыщ1эм илъын хуэдэу КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм къыщызэрагъэпэщащ «Аптекэ гъэтІылъыпІэ» КъАУ.

КІуэкІуэ Юрий жиІащ а Іуэхущапіэм и материально-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным, къапэщыт къызэгъэпэщыныгъэ гугъуехьхэр щІэгъэпсынщапІуэ зэфІэгъэкІыным зэриті ельхьэр. КъБР-м и Правительствэм пщэрылъ щащІащ хуагъэува къалэнхэр 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 1 пщІондэ зэфІигъэкІыну. «Дэ зэман диІэкъым, - къыхигъэщащ КІуэкІуэм, - щыгъэІэн хуейкъым зи фІагъыр мыгурыІуэгъуэ икІи льэпсэй хущхъуэхэр къащэхунырэ».

Гулъытэ щхьэхуэ хуащІащ хущхъуэхэр къыщащхъумрэ ар къезыгъашІэхэм щадзапажьэм Іулъхьэ тын-къеІыхьынрэ щІэпхъаджэгъэрэ щымыгъэІэным.

Сыт и лъэныкъуэкІи хэпльащ сымаджэхэр наркотик анальгетикхэмкІэ къызэгъэпэщыным. Иджыпсту а лэжьыгъэр «ДэІэпкъыкъуэгъу псынщІэм» и зэфІэкІхэмкІэ иригъэкІуэкІ, арщхьэкІэ нэхъыфІу къалъытащ республикэм щагъэхъуж-профилактикэ и Іуэхущапіэхэм (ЛПУ) наркотикхэкІэр щахъумэ икІи щащэ пунктхэр къыщызэІуахмэ. Абыхэм ящыщу 18-м зыхуеину Іэмалхэр къыщызэрагъэпэщ, 5-м ахэр щызэфІокІ. Узыншагъэр хъумэныкІэ министерствэмрэ Урысей ФСКН-м КъБР-м щиІэ управленэмрэ хуагъэуващ махуипщым къриубыдэу абы ехьэлІа Іуэхугъуэ псори зэфІахыну.

ЗэІущІэм щыхэплъащ цІыхухэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етыну егъэфІэкІуэным хуэунэтІа нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Кавказ Ищхъэрэм и промышленностым зегъэужьыным егугъунущ

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщІа Іуэхухэмкіэ Правительствэм и комиссэм и деж округым и промышленностым зегъэужьыныкІэ щыІэ лэжьакІуэ гупым и зэІущІэр мэлыжьыхьым и 20-м иригъэкІуэкІащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министр Кузнецов Лев.

АБы хэтащ УФ-м промышленностымрэ сатумкІэ и министрым и къуэдзэ Каламанов Георгий, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министрым и къуэдзэ Резников Андрей, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэм и къуэдзэ Милейко Сергей, Ингуш Республикэм и Іэтащхьэ Евкуров Юнус-Бэч, УФ-м Промышленностымрэ сатумкІэ, Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ, Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэхэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щІыналъэхэм я гъэзэщІакІуэ властым я органхэм, апхуэдэу «РусГидро», «РЖД», «Ростех», «Россети», «Лукойл», «Роснефть» компаниехэм, сатум пымыщІа Іэнатіэхэу «Стратегие жэрдэмхэмкІэ агентствэ» зэгухьэныгъэм, Промышленностым зегъэужьыныкІэ фондым я лІыкІуэхэр.

ЗэІущІэм щыхэплъащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щІыналъэм щагъэзэщІыну я мурад инвестицэ проект пэрытхэм, нэгъуэщІ къэралхэм къыщащэу продукцэр гъэмащІэныным тещІыхьа проектхэм, промышленностым и комплекс щхьэхуэхэм, ерысакъы промышленностым, мэкъумэш техникэ щыным, фармацевтикэ промышленностым, нэгъуэщІхэми зегъэужьыныным.

«Дэ лжьыгъэр зыхуэунэтІар УФ-м и Правительствэм 2015 гъэм щІышылэм и 27-м къыдигъэкІа унафэм зэрыщыубзыхуэм хуэдэу, Кавказ Ищхъэрэм хуиубыдэ щІыналъэхэм я экономикэм зегъэужьынымрэ промышленностым зыщІэгъэкъуэнымрэщ, - къыхигъэщащхьэхуІакІащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министр Кузнецов Лев. - Апхуэдэу сыныводэпІэу къэралІ щэсыпІэхэм я Іуэхукіэ 2011 гъэм кІащта унафэм УФ-м и Правительствэм мэлыжьыхьым и 10-м зэхъуэкІынигъэхэр зэрыхилъхьам гу лъыфтэну. А документым лжьыгъэхэр зэрыдигъэпсынщІэнум икІи аргуэру щэсыпІэ щхьэхуэхэр къызэрызэригъэпэщынум щэч хэлъкъым. Къэралым щэсыпІэ къыІихыну хущІэкъуу дэтхэнэ предприятэри щІыналъэхэм къулыкъущІэ пыухыкІахэр ирамыгъэбыдыпІэу хъунукъым. Іуэхур нэхъ псынщІэу дэкІын папщІэ ахэр ди министерствэм быдэу пыщІауэ лжьэн хуейщ.

УФ-м промышленностымрэ сатумкІэ и министрым и къуэдзэ Каламанов Георгий зэрыжиІамкІэ, промышленностымкІэ и Іэнатіэ щхьэхуэхэм зегъэужьыным пыщІа Іуэху куэд Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм хуиубыдэ субъектхэм къыхалъхьащ. Абыхэм ящыщу нэгъуэщІ къэралхэм къщащэу продукцэр гъэмащІэным теухуахэм хэпльащ икІи ахэр адэкІэ зэрагъэзэщІэнум йогупсыс.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министрым и къуэдзэ Резников Андрей зэІущІэм хэтахэм ягу къиГэкІыжащ нэгъуэщІ къэралхэм къыщащэу продукцэр гъэмащІэныкІэ планым хуиубыдэу Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм щыІэ предприятэу 31-рэ къызэрыхатхкІар. Абы къегъэльагъэу мы щІыналъэм зэфІэкІ инхэр зэрыщыІэр. Министрым и къуэдзэм къыхуриджащ а проектхэр икІэщІыпІэкІэ пхагъэкІыну икІи дызэрыт илъэсым къриубыдэу ягъэзащІэу щІадзэну.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щІыналъэ и къуэдзэ Милейкэ Сергей зэІущІэм хэтахэр щыгъуазэ ищІащ округым инвестицэхэмкІэ и уполномочненэ гъэувыным теухуауэ Урысей Федерацэм и Президентым унафэ къызэрыдигъэкІам. Абы ипкъ иткІэ мы щІыналъэм къыщызэрагъэпэщ Инвестицэ советым и къалэнхэр хиубыдэнущ щІыналъэм и промышленностым зегъэужьыным хэлэжьыкъуэнущ.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Май щІынатІэ

ФІагъым йогугъу

Новоивановскэм щызэхэт «Ленинцы» мэкъумэш предприятэм и щІакхъуэгъэжьапІэм и лэжьыгъэр иджырей зэманым сыт и лъэныкъуэкІи къезэгъыу зэрызэтриухуам и фІыгъэкІэ, СХПК-м игъэхьэзыр щІакхъуэзэмм, адрей хьэжьыгъэхэкІ продукцэхэми щІэупщІэжьуэ яІэщ.

МЫБЫХЭМ я ерысакъыхэкІыр Май щІыналъэм и мазакъуэу, Налшыки фІыуэ щащэу. Нэхъыбэрэ абы фыщрихьэлІэнущ щэбэт, тхьэмахуэ жармыкІэхэм.

Мы Іэнатіэм къыщІигъэкІ щІакхъуэм фІагъ ин зэрыбгъэдэлъым гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэкъым. Сыту жыпІэмэ, щыісхьыраб1гъу имыІэу нобэ къагъэсэбэп дрожжым и пІэкІэ халъхьэр езы лэжьакІуэхэм бжьыхьэм я Іэкіэ ягъэхьэзырыж хьамырырщ (хмель). Куэд зэрыщыгъуаз3мкІэ, ипэ зэманхэм унагъуэ зыбжанэм щІакхъуэр фІыуэ тэджьин папщІэ ар зэрахьэу щытащ. Зы жэщ-махуэм къриубыдэу иджыпсту заводым къыщІегъэкІ щІакхъуэрэ щІакхъуэхэкІ зэхэлъыгъуэу 800. Ар илъэсым тонн 300-м ноблагъэ.

Ипэ ита илъэсхэм ельытауэ Іуэхущапіэм и лэжьыгъэр нэхъри ефІэкІуащ, СХПК-м и правленэм и Іэтащхьэ Бердюжэ Владимир и унафэкІэ ягъэува иджырей зэкуитІым я фІыгъэкІэ. КъищынэмыщІауэ, гуэдз зэтеудам щІакхъуэ къызэрыхащІыкІ ІэмэпсымэщІи ягъэуващ икІи абы Іэмал ящІ каритащ узыншагъэмкІэ сабэпынагъ ин зиІэ пкъыгъуэхэр хъума щыхъу щІакхъуэ лІэужьыгъуэхэр гъэхьэзырынымкІэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Зыми фейдэ къыхихакъым

Къухьэпіэ къэралхэм къытхуагъэува санкцэхэм я зэранкІэ ди экономикэм доллар мелард бжыгъэ фІэкІуэдащ, ауэ Европэм хэщІыныгъэу иІар евро меллард 40 мэхъу», - урысей телеканалхэм я журналистхэм дыгъуасэ щепсалъэм апхуэдэу жиІащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий.

Премьерым зэрыжиІамкІэ, Урысей Федерацэм Европэм и къэралхэм ярищІылІэу щыта зэгурыІуэныгъэхэм къыхах фейдэр мы гъэми яІэжьинукъыми, илъэс дызыхуэкІуэм ирихьэлІэу абыхэм аргуэру евро мелард 50 хуэдиз хэщІныныгъэ яІэнущ.

«Дэ псоми фІыуэ тщІэрт а санкцэхэр, шэч хэмылъу, зэран къызэрытхуэхъунур. Апхуэдэ дыдэу ахэр зэран яхуохьу а санкцэхэм ятеухуа унафэкэр къззыщтэ къэралхэмм. Санкцэхэм зэи зыми фейдэ къыхихакъым», - къыхигъэщащ Медведевым.

Апхуэдэ «къапхъэныр» ди экономикэм зы лъэныкъуэкІэ гулъэф къыхуэхъуами, нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ ди зыужьыныгъэм «щІэрыІащ» икІи хамэ къэралхэм къытщу щыта ерысакъыпхъэхэр, хьэпшыпхэр, Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэр дэ къыщІэдгъэкІыжьыным дриГъувэлІащи, абыи фейдэ къыхэтхыу хуежьащ.

Правительствэм и Унафэщым зэрыжиІамкІэ, ди экономикэм игъуэта хэщІныныгъэр мы илъэсым хуэдэ зыбжанэкІэ нэхъыбэ хъуныр зыхуэІуэ щыІэкъым. «Абыхэм ятеухуауэ нэхъ къыдэхьэлъэкІынутэкъым, гугъуехьхэр нэхъ къызэнэкІыгъуафІэ хъунут, а лъэпощхьэпохэр къытхуагъэувын ипэкІэ ди экономикэм щыщІыІэ хъуа ныкъусаныгъэхэр и чэзум зэдгъэзэхуэжьифатэмэ», - жиІащ Медведев Дмитрий.

Хьэ нэхъ лъапІэ дыдэ

Китайм и Хэбэй провинцэм тхьэмахуэ махуэ кІуам щрагъэкІуэкІа аукционым тельыджэу зыри хэзымылъагъуэхэри щыІэнкІэ хъунщ, ауэ ар хьэдагъуэдахэу къыхэщІыхъуахэр зэрынэхьыбэм щэч кьытетхьэрэкъым.

А аукционым щащащ дунейм щынэхъ лъапІэ дыдэ хьэр. Тибет мастиф жыхуаІэ лъэпкъым щыщ, Император зыфІаща хьэр юань мелуани 10-кІэ ящащ. Китай ахъшэр Америкэм ейм хуэбгъакІуэмэ, ар доллар 1 мелуанрэ мин 583-рэ мэхъу. Апхуэдэ дунейм зэи къыщыхъуакъым. А махуэм ящащ хьэ миным дэтхэнэми ику иту доллар мини 158-рэ хуэзащ.

Апхуэдэ хъыбархэм щІыхьэр иризэгузымыпынкІи, нэгъуэщІ мыхъуми, къимыгъэгубжьынкІи хъунт, мыпхуэдэ бжыгъэхэм дыщымигъуазэу щытамэ. Зыпшыгъэр Хъумэныкъэ Дунейпсо зэгухьэныгъэм къызэритымкІэ, дунейм шхын щхьэкІэ махуэ къэс щолІэ щІыху мин 24-м щІигъу. 2005 гъэм къыщыщІэдзауэ мэжэщІалІагъэм ихьащ щІыху мелуани 6-м щІигъу. Иджы зэпэплъытыну гугъуехьэм а доллар мелуанрэ ныкъуэм щІигъуи ерыскъыр зыхуримыкъу зэтелІэхэм ящыщу щІыху дапщэ къригъэлыфыну щытами. Щыху ГъащІэм хъэрэр хьэр нэхъ щагъэлъапІэ къэхъуну хэт и фІэщ хъунт?

♦ЩІы-Анэм и дунейпсо махуэщ

♦Административнэ лжьакІуэм и дунейпсо махуэщ

♦Заповедникхэмрэ лъэпкъ парккэмрэ я махуэщ

♦Нидерландхэм къыщыщІэІуах Удз гъэгъахэм я парад.

1947 гъэм къыщыщІэдзауэ ираГъэкІуэкІ махуэщхэм гукъыдэжьыщхэ яІэу, дунейр удз щхъуэкІэлъыкІэхэмкІэ нэхъ щІэращІэ ящІу хэтщ къэралым щыпсэуэхэри абы и хьэщІэхэри. Фестиваль цІэрыІуэм илъэс къэрахьэлІэ удз гъэГъа мелуанищІкъэр.

♦1370 гъэм Франджым и пащтыхь Карл V и унафэкІэ Бастилие быдапІэр ухуэн щІадзащ.

♦1864 гъэм США-м къыщыщІагъэкІыу хуежьащ жэзым къыхэщІыкІа ахъшэ жьГэйкэр - зы цент, центитІ хъуэр.

♦1906 гъэм Алыджым и къалащхьэ Афинхэм къыщызэІуахащ зи мычэзу Олимп Джагуэр.

♦Совет къэралыгъуэм и къызэгъэпэщакІуэ, СССР-м и ЦІыхубэ комиссархэм я советым и япэ унафэщІу щыта **Ленин (Ульянов) Владимир** къызэралъхурэ илъэси 145-рэ ирокъу.

♦БзэщІэныгъэлІ, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лжьакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и ерэджакІуэ **Елбэд Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэси 129-рэ ирокъу.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лжьакІуэ, РАЕН-мрэ ЩІДАА-мрэ я академик **Мэкіэтлей Абдулэхь** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Урысей географие обществэм хэт, ныбжьыщІэхэм я «Додо Клаб» зэгухьэныгъэм (КъБР) и унафащІ **Мысырджэн МуІэед** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, зэдзэкІакІуэ, адыгэ усакІуэхэм я Іэдакъэщ1экІ куэд урысыбзэм кызыгъэзэгъа **Пряжников Александр** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщІешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым градуси 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущігъэ:

Дзыгъуэр гъуэм имыхуэмэ, фэлъыркъэб зыкІэрещІэ.

● Нобэ Ленин Владимир къыщалъхуа махуэщ

Абы и цІэр зэи ящыгъупщэнукъым

Дунейм къызэрытехьуэрэ щІыхуэри лъэпкъхэри зэхуэдэныгъэм щІохъуэпс. Сыт хуэдэ къэрал хуэхІэми и захуагъэр къызэралъытэ пщалъэу кьекІуэкІри аращ. Арщхьэкіэ лІэщІыгъуэ куэдкІэ дунейр къекІуэкІащ щІыхуэ щІыхуэ игъэпщынІу, зы лъэпкъым и бжьым адрейр щІигъуэвэу. Дауи, даІуэзэхэм ар ямыдэу зыкъаІэтырт, арщхьэкІэ тетыгъуэр зыІыгъэр нэхъ лъэщти, япэлъэщытэркъым.

МЫБДЕЖ мыхьэнэшхуэ щиІэщ къаруи и мызакъуэу щІыхуэхэм я зэхэщІыкІыр къаІэтынми, ахэр зэщІэгъэуІуэнми.

1917 гъэм и жэпуэгъуэм ар къайхъуІащ Ленинымрэ абы и блыгъщІэтхэмрэ. Дунейм щІяпэ социалист къэрал къызэрагъэпэщащ. Псом ящІэ власткІэ зыІэщІыхьахэм ягъэкІуэдыжащ лъэпкъэмрэ щІыхуэхэмрэ я зэхэгъэжьынигъэр. Ардыдэмкіи щІыхубэр езыхэм я телъхьэ къащІащ.

Империем и пІэм къиува къэралыщІэр хапІытІэфакъым хэзрагъэпэщ зыкъуэува Антантэми, граждан зауэр зэхэзыубла дзэ хужьми. И жэгъуэгъуэхэм къаухъуреихьа пэтми, япэщІыкІэ РСФСР-м, иужькІэ СССР-м лъэщу зыкъауэжьащ.

Ар зи фІыщІэр къыщалъхуа махуэр нобэ ягъэлъапІэ Ленин Владимирщ. Вождым псом япэ иригъэщырт лъэпкъэм я зыужьыныгъэр. Адыгэхэри ахэту тэкІи еджакІи зымыщІа лъэпкъэм тхьбзэ, къэралыгъуэ яІэ хъуащ. Лениным зэриубзыхуам тету, 1922 гъэм Совет Социалист Республикэхэм я Союз къызэрагъэпэщащ республикэ 15 хэту. Абыхэм яхэтащ нэхъапэм къэралыгъуэ зимыІаэрэр. Псалъэм и хьэтыркІэ, иджы нацистхэм зэкІэщІач Украиннэр. Абы иджырей бгъунапкъэхэр иІэ хъущ, нэхъапэм Урысейм и губерниеу щытахэр хагъэхьэри. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мы зэманым а къэралым тетыгъуэр щызыІэщІыхьахэм ар ящыгъупщэжа хуэдэу фэ зытрагъауэ. Арщхьэкіэ тхьдэр зэпхьэкІ зэпыту уекІуэкІыфынкъым. Гува-щІохами пэжым гъузэгу игъэтыжынущ.

Инщ Лениным гъащІэм и Іэнатіэ псоми щызэфІиГъэкІа лэжьыгъэхэр. Абы и пэжыпІэкІэ къэралыр гуащІэрыпсэухэм яритащ. Абыхэм я кІэлъыплъныгъэм щІигъуэвэт псори - заводэкри, фабрикэхэри, гъавэ щІапІэхэри, хъупІэхэри, щІым щІэлъ къулеигъэхэри. Ленин Владимир гулъытэшхуэ хуищІырт унафэщІхэм Іуэхухэр тэмэму зэрахьэнымі, абыхэм мылъкур зыкІэщІамыпщІэным.

Тхьгъэ кІэщІым куэд щызыпІэфынукъым, ауэ къыхэгъэщхьэхуКІ хуейщ: Октябрь революцэм и сэбэп зэкІар урысей империем щыпсэуахэм я закъуэкъым. Апхуэдэ я дежи къыщыхъуным щрышынэри, КъуэхьапІэм и къэралхэм реформэ ин дыдэхэр щагъэкІуэкІащ, цІыхум хуитныкІэхэр етыным, абыхэм я псэуКІэр егъэфІэкІуэным теухуауэ. Абыкіэ иджы езыхэми зэумысыжь.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ СССР-м дытепсэлъыхьыхьэ хуей мэхъу блэкІа зэманым иту. Къэхъуар ди нэгу щІэкІащ, иджыри щІокІри, лейуэ ущытепсэлъыхьыж щыІэжьым. ЦІыхуэм я пІэм лъэхъу изыха революцэр яхуэхъумакъым. Ауэ абыкІэ зыкІи къуанщэжьым къызэралъхурэ нобэ илъэси 145-рэ ирикъу цІыху гъуэзэджэр икІи акъылыфІэ дыдэр. Абы цІыхубэм яхихьа гупсысэхэр яхуэгъэкІуэдынукъым.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэр коммунистхэм, республикэм и псоми дохъуэхъу Ленин В.И. къыщалъхуа махуэмкІэ. Къэралым, щІыхубэм я къэкІуэнум щІэбэнныкъэ абы и гъащІэр псом я дежкІи щапхъэу щытет!

Лениным и мурадхэмрэ гупсысэхэмрэ ноби «ди щІэныгъэщ, ди къаруш, ди Іэщ1эщ».

Республикэм иц псори къыдогъэблагъэ 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 22-м сыхьэт 12-м Ленин В.И. и фэеплъым деж щекІуэкІыну гуфІэгъуэ дауэдапщэхэм хэтыну.

Махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

Щэджэм щІыналъэм щІадзауэ щІызэрагъэпэщ1ыж, зыхуей щыхуагъаз3 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъхэр.

ИДЖЫПСТУ нэхъ іэжьыгъэшхуэ щекІуэкІыр Щэджэм къалэрщ. Зауэ зэманым абы и кум ди сэлэтхэм ящыщу 41-рэ щыщІалъхьауэ щытащ. Плыхъужьхэм я кІэлъыкъэм тет фэеплъ сымыр ибгъукІэ щагъэувэ мывэ пхъэбгъуэхэм Щэджэм щІыналъэм щыщу зауэм хэкІуэда сэлэт 439-м я цІэ-унэцІэхэр тетщ. Мис а фэеплъыр иджы щІадзауэ къафэщІэрэщІэж: мывэ пхъэбгъуэхэм ящыщу щэщ1ахэр зэрахьуэкІ, уэздыгъэ екІуэкр фІадзэ, къекІуэкІыу зыІуэзэпІуэ ящІ. Сом мин 850-рэ хуэдиз зытекІуэдэну лжьыгъэ псори накъыгъэм и 1-м ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну я мурадщ.

Фэеплъ комплексыр щызэрагъэпэщащ Яныкъуэй хуэуэкъэмі. Мыбдеж щыІэ утым хиубыдэу метр зэбгъуэзэнатІэ 450-м хуэдизым телъ мывэ пхъэбгъуэхэр зэрахьуэкІынущ, фэеплъыр щІэрыщІэу къахухьыжьын папщІэ зыхуеину ГъущІыкІэхэри кърашэлІащ. Зауэм хэкІуэдахэм я щІыхькІэ яГъуэва сымымрэ Совет Союзым и Лыхъужь Байсултанов Алим и фэеплъымрэ зыхуей хуэуэзэным сом мин 600 хуэдиз хухахащ.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр Лашынкъей къуажэми нэгъуэщІ жылагъуэ зыбжанэми щокІуэкІ. Псори зэкэту Щэджэм щІыналъэм иджипсту къыщагъэщІэрэщІэж Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъу 11.

КІАРЭ Элинэ,
Щэджэм щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм хэщІи махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ щІыхуэхэр зэдэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

● КъБР-м и Парламентым и комитетхэм

Щ1ыпI1э нэхъыбэ зэлъагъэI1эс

КъБР-м и Парламентым промышленностымкI1э, транспортымкI1э, связымрэ гъэзу хозяйствэмкI1э и комитетым и жэрдэмкI1э кIыхьалъхьа зэIуцI1эм щызэпкърахащ республикэм и цIыхухэр пощт, телефон, связь IэхэутхьэбзэхэмкI1э кIыхьэгъэпэща зэрыхъур.

Зэхыхьэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и Унафэщ1ым и къудзэз Бозий Натбий, Парламентым и депутатхэр, Iэхэур зэхьа1а министерствэхэм, ведомствэхэм, къалэхэмрэ районхэмрэ щ1ыпI1э унафэр зезыгъакIуэ я Iэнатi1эхэм, республикэм и Парламентым деж щ1ыпI1э Щ1алэгъуалэ палатэм я лIыкIуэхэр, нэгъэущIэхэр.

ЗэIуцI1эр къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым промышленностымкI1э, транспортымкI1э, связымрэ гъэзу хозяйствэмкI1э и комитетым и Iэтащхьэ Гугу Владимир кIыхигъэщащ жылагъуэм и социальнэ зэпI1эзэгъэныгъэр, къэралым и хъыбарегъащIэ шыкагъуэныгъэр, цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатi1эхэм я зыужьыкIэр, цIыхухэм лэжьыгъэм хуаIэ жьыджэрагъымрэ я псэкупсэ зыужьщIыныгъэмрэ связым и щытыкIэм куэдкIэ зэрелъытар.

КъБР-м транспортымрэ связымкI1э и къэрал комитетым и унафэщ1ым и къуэдзэ Абазэ Хьадис кIыхьэригъэлъэгъуамкI1э, связь лI1эужьыгъуэ псоми сом меларди 5,4-рэ и уасэ Iуэхутхьэбзэ Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъабэ щ1ызэфIагъэкIащ. Зэхуэдэу къагъэсэбэп телефон связымкI1э, апхуэдизу Интернетым зыубгъуауэ зэрихьэ IэмалымкI1э республикэр кIыхьэзыгъэпщыр «Урысейм и телеком» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хъыбарегъащIэ-комуникацIэ Iуэхутхьэбзэхэр зэзыгъэIуIу и операторыращ.

«Урысейм и телеком» ОАО-м автоматикэ телефон станци 151-рэ егъэлажьэ, телефон номеру мини 126,4-рэ и1эщ. Республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ къадзкIуэу, онтоволокон линэмкI1э связым и бжыгъэрылажьэ каналхэр куэужи 106-м кIыщагъэссэбэп, цIыхухэри, Iэнатi1эхэри иджыпхэл телекоммуникацIэ Iуэхутхьэбзэ лI1эужьыгъуэ псомкIи кIыхьэригъэпэщ.

«Урысейм и телеком» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Интернет сетыр цIыху мин 57,4-м, Iуэхущ1апI1эу мини 3,7-м къагъэсэбэп.

Абазэ Хьадис зэрыжиIамкI1э, Iуэхутхьэбзэхэр ирагъэбIэкIуэн, лI1эужьыгъуэщIэхэм куэдIуэн мурадкI1э, кIыхьэригъуэкI телефонхэмрэ бжыгъэрылажьэ телевиденэмрэ папщIэ линэщIэхэр якуэуздий.

ЩIыпI1э жыжьэхэр кIыхьэщIэзыубыдэ связым республикэм зэрызыщиужьым кIыхьэкIыу, кIыхьэригъуэкI телефонхэр къагъэсэбэпхэр нэхъ мащIэ мэхъу. Псалъэм папщIэ, «Мегафон» ОАО-м и Кавказ къудамэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэхэм я процент 98-р 2G, и процент 70-р - 3 G пщалъэхэмкI1э, «Вымпелком» (Билайн) ОАО-м и Налшык къудамэм республикэм и жылагъуэхэм я процент 98-р 2G, и процент 90-р - 3G пщалъэхэмкI1э, «МТС» ОАО-м и къудамэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэхэм я процент 61-р зэлъагъэIэс. Абыхэм я Iуэхутхьэбзэхэр цIыху мин 900-м щIигъум жыджэру къагъэсэбэп.

Къэпсэльам кIыхьэригъэлъэгъуамкI1э, республикэм и тафэтес щ1ыпI1эхэр зэдыщIкIыжу зэлъагъэIэса цIыхьэкIэ, бгылъэхэм я процент 40-50-м а связхэр щылажьэркъым. Щ1ыхьэсурыгъэ щ1ыпI1эхэр зэрыкъуейщIейрщ, къуэладжэхэр зэрыкуэдырщ.

- «Вымпелком» (Билайн) ОАО-м и къудамэм Налшык, Май, Прохладнэ къалэхэм зэзыгъэIуIу (базовэ) станцIэр мы гъэм хэчыхьауэ щ1ыуэну и мурадщ. Апхуэдизу Прохладнэ къалэ округым 4G сетым зыщегъэужьыным хэкIыпI1эхэр къыхуелъыхъуэ. «Мегафон» ОАО-м и Кавказ къудамэм Налшык, Бахъсэн, Прохладнэ, Май къалэхэм, Жэмтхъэлэ Ипщэ, Звезднэ, Ислъэмей, Альтуд къуажэхэм 2G пщалъэ и зэзыгъэIуIу станцIэ, 3Gв пщалъэм хуэдэу 13 щ1ыуэнущ. «МТС» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм «Зольское (Старополь краий) - Малкэ - Бахъсэн-Щэджэм - Налшык - Нарткъалэ - Май - Прохладнэ - Тэрч» волокно-оптикэ связь линэр иутIыпщынущ, апхуэдизу щ1ыпI1эхэр зэрызэщIагъэхъэз щ1ыкIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ, 2G пщалъэм и зэзыгъэIуIу станцIэхэм я хэщIапI1э 42-рэ къагъэщIэрэщIэнущ, - жиIащ Абазэ Хьадис.

Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм и унафэщI Шурдым Iэсият «Урысейм и пощт» ФГУП-м и щIыналъэ Iуэхущ1апI1эм и лэжьыгъэр зыхуэдэм зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ. Абы къыз1эригъэлъэгъуамкI1э, республикэм и пощт нэхъыщхьэу 8-м къудамэу 206-рэ, пощт связым и пункту 14 и1эщ. Псори зэхэту щ1ыпI1э 317-м Iуэхутхьэбзэхэр щ1ызэфIагъэкI. Абыхэм ящыщу 285-р иджырей пощт-кассэ терминалхэмкI1э къызэгъэпэщащ, связым и псынщIэрылажьэ каналхэм пыщIащ. Пощт лэжьакIуэхэм я бжыгъэр 1683-р мэхъу. Ику ит мазэ улахуэр нэгъабэ сом 11089-м, Iэнатi1э нэхъыщхьэм пэрытхэм ейр 10074-м нэсащ. Сом мелуан 431,3-рэ хэхуэу къаIэрыхьати, мелуан 74,6-м щIигу бюджет I1эужьыгъуэ псоми халъхьащ. Зызыгъэсэхуну тIысыжхэм я пенсэр кредит Iуэхущ1апI1эхэм я картэхэм зэрагъакIуэм и фIыгъэкI1э, зи ныбжь хэкIуэтахэм ящыщу къахуэкIуэр нэхъ мащIэ хуэдэ.

Щ1ордым Iэсият зэрыжиIамкI1э, цIыхухэм пощт ашыкэр зэрамыIэм гугъуехьэр къеша, я Iуэхутхьэбзэхэми, абыхэм я фIагъыми зэран хуохъу.

- Ди къудамэм и жэрдэмкI1э, унагъуэхэр зэуIуу щыпсэу уна нминущым щIигъу республикэм кIыщыгъпащIати, фэтэр мини 101-м щыщу мин 40-м апхуэдэ ашыкэр кIыщагъэссэбэныркъым, пощт зэпыщIэныгъэм и Iуэхутхьэбзэхэри ягъуэтыркъым. Къуажэдэсхэм ящыщу ар зи1эр мащIэ дыдэщ, - кIыхьигъэщащ абы.

«Урысейм и телеком» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщ1ым и къуэдзэ МащIыхьу Феликс къызэригъэлъэгъуамкI1э, волокон-оптикэ связу километр минитI мы зэманым республикэм кIыщагъэссэбэп. Ерокъуэ, Шэрэдж Ищхъэрэ, Черниговскэ, Жэмтхьэлэ Ипщэ къуажэхэм нэгъабэ ВОЛС связь щаухуащ, гъуапIэ кIапсэ линэу километр 25-рэ оптоволоконым хуэдэкIэ яхъуэжащ.

КъишщынэмыщIауэ, Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым хэгъэхъуэным, Интернетыр кIыщзэрагъэссэбэным хуэхэр гъэмэщIэным теуухуэ къэпщытэныгъэу 32-рэ ирагъэIуэкIащ. Связым зэрызрагъэужьым, и лъэщагъым зэрыхагъахъуэм и фIыгъэкI1э, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щагъэзащIэ лъэпкъ проект пэрытхэм къудамэр екъуI1эныгъэкI1э хэтщ. Зыуэ щыт къэрал экзаменыр республикэм нэIуныту щегъэкIуэкIыным пыщIа Iуэхуэр нэгъабэ кIыхьэзыгъэпэщар «Урысейм и телеком» ОАО-рщ.

Урысейм Коммуникацэ кIэлъыплI1ныгъэмкI1э и Iуэхущ1апI1эм и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм и унафэщI Бочаров Юрэрэ ЩэхуакIуэхэкIэ я хуитыныгъэхэр зэрахъуэмэ кIэлъыплI1ныкIэ федеральнэ Iэнатi1эм и щIыналъэ къудамэм и Iэтащхьэм и къалэныр зыгъэзащIэ Балуевэ Еленэрэ нэхъ гу зылъытапхъэу къалымэ Iуэхугъуэхэр зэIуцI1эм щызэпкърахащ, апхуэдизу «МТС» ОАО-м и къудамэм и тхьэмадэ Залихановэ Елдар, «Вымпелком» ОАО-м и къудамэм коммерцIэмкI1э и унафэщI НафIэдзокъуэ Азэмэт, «Мегафон» ОП-м и сетхэр къагъэсэбэпныкIэ Iэщ1агъэлI Кравченкэ Юрэ сымэ я лжьыгъэм тепсэлъыхьащ, доклад зыщIахэм упщIэхэм жэуап иратащ.

Зэхыхьэм хэтахэм зэдзэрэзыуэ къагъэлъэгъуащ цIыхухэм я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ, электросвязым, пощт зэпыщIэныгъэм, телевиденэм, радиом я Iэнатi1эхэм хъыбарегъащIэ-комуникацIэ технологиещIэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ адэкIи зыщегъэужьым, зыщегъэубгъун, я фIагъым хэгъэхъуэн, республикэм и жылагъуэ псори зэлъагъэIэсын зэрыхуэйр.

Ялэ игъащ1ыпхъэу къалъытэхэр яубзыхури, лжьыпхъэхэм теуухуа чэнджэщхэр къащтащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апI1э.

● Къэрал комитетхэм

Фэтэр куэд хъу унэхэр зэрызэрахьэ щ1ыкIэр зэIухауэ щытын хуейщ

КъБР-м Энергетикэмкi1э, тарифхэмрэ псэупIэм и Iэнатi1эм щ1ыкIэлъыплI1ныкIэ и къэрал комитетым щекIуэкIа зэIуцI1эм щызэпкърахащ фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ организацэхэм я IуэхущIафэр къызэрагъэлъагъуэ пщалъэм щIэуэ халъхьахэр. «ЖКХ-м и ГИС-м и Iуэхукi1» Федеральнэ закон №209-р 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 21 къандэрэ мэлажьэ. Зэхыхьэм хэтащ фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ организацэхэм (УК, ТСЖ, ЖСК, ИП) я унафэщI1эхэр.

ФЭТЭР куэд хъу унэхэр зезыхьэ Iэнатi1эхэм я IуэхущIафэм теуухуа хъыбархэр хэIущI1ыу ящIын зэрыхуейр 2010 гъэм фокIадэм и 23-м УФ-м и Правительствэм къищта Унафэ №731-м щыгъэбелджылащ. А документым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м къару ягъуэтащ. Хъыбархэр хэIущI1ыу зэращ1 щыкIэр 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м УФ-м Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкI1э и министерствэм къыдигъэкIа приказ №882/пр.-мкI1э къащтащ. Нэхъапэм хъыбархэм зэрыхуейуэу хагъэгъуазэрт, иджы зи гугъу тщIы приказыр къызэрыдэкIрэ, зыхуэдэкIи, я куэдагъкIи абыхэм Iэджэкi1э хэхъуащ икIи фIэкIыплI1ныгъэ щIыпIхъэщ. Организацэм теуухуауэ формии 5, зэрахьэну унэ къэс тещIыхьауэ формии 8 ятхыу, хуэсакъыу яхъумэн, Iуэхущ1апI1эм и сайтым, федеральнэ сайтым, хъыбарегъащIэ стендым иралъхьэн хуейщ. ХэIущI1ыу ящI хъыбархэм я бжыгъэмрэ ахэр зыхуэдэмрэ хэпщIыкIыу хэхъуащ (УК-м теуухуа хъыбархэр 28-рэ, МКД-м теуухуахэр 69-рэ, капремонтым теуухуахэр 5, зэхэту ирагъэкIыжкI зэIущIэхэм зэрыщIыпхъэ, пощт зэпыщIэныгъэм и Iуэхутхьэбзэхэри ягъуэтыркъым. Къуажэдэсхэм ящыщу ар зи1эр мащIэ дыдэщ, - кIыхьигъэщащ абы.

«Урысейм и телеком» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщ1ым и къуэдзэ МащIыхьу Феликс къызэригъэлъэгъуамкI1э, волокон-оптикэ связу километр минитI мы зэманым республикэм кIыщагъэссэбэп. Ерокъуэ, Шэрэдж Ищхъэрэ, Черниговскэ, Жэмтхьэлэ Ипщэ къуажэхэм нэгъабэ ВОЛС связь щаухуащ, гъуапIэ кIапсэ линэу километр 25-рэ оптоволоконым хуэдэкIэ яхъуэжащ.

КъишщынэмыщIауэ, Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым хэгъэхъуэным, Интернетыр кIыщзэрагъэссэбэным хуэхэр гъэмэщIэным теуухуа къэпщытэныгъэу 32-рэ ирагъэIуэкIащ. Связым зэрызрагъэужьым, и лъэщагъым зэрыхагъахъуэм и фIыгъэкI1э, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щагъэзащIэ лъэпкъ проект пэрытхэм къудамэр екъуI1эныгъэкI1э хэтщ. Зыуэ щыт къэрал экзаменыр республикэм нэIуныту щегъэкIуэкIыным пыщIа Iуэхуэр нэгъабэ къызэзыгъэпэщар «Урысейм и телеком» ОАО-рщ.

Урысейм Коммуникацэ кIэлъыплI1ныгъэмкI1э и Iуэхущ1апI1эм и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм и унафэщI Бочаров Юрэрэ ЩэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр зэрахъуэмэ кIэлъыплI1ныкIэ федеральнэ Iэнатi1эм и щIыналъэ къудамэм и Iэтащхьэм и къалэныр зыгъэзащIэ Балуевэ Еленэрэ нэхъ гу зылъытапхъэу къалымэ Iуэхугъуэхэр зэIуцI1эм щызэпкърахащ, апхуэдизу «МТС» ОАО-м и къудамэм и тхьэмадэ Залихановэ Елдар, «Вымпелком» ОАО-м и къудамэм коммерцIэмкI1э и унафэщI НафIэдзокъуэ Азэмэт, «Мегафон» ОП-м и сетхэр къагъэсэбэпныкIэ Iэщ1агъэлI Кравченкэ Юрэ сымэ я лжьыгъэм тепсэлъыхьащ, доклад зыщIахэм упщIэхэм жэуап иратащ.

Зэхыхьэм хэтахэм зэдзэрэзыуэ къагъэлъэгъуащ цIыхухэм я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ, электросвязым, пощт зэпыщIэныгъэм, телевиденэм, радиом я Iэнатi1эхэм хъыбарегъащIэ-комуникацIэ технологиещIэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ адэкIи зыщегъэужьым, зыщегъэубгъун, я фIагъым хэгъэхъуэн, республикэм и жылагъуэ псори зэлъагъэIэсын зэрыхуейр.

Ялэ игъащ1ыпхъэу къалъытэхэр яубзыхури, лжьыпхъэхэм теуухуа чэнджэщхэр къащтащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апI1э.

● Къэрал комитетхэм

**КъБР-м Энергетикэмкi1э, тарифхэмрэ псэупIэм и Iэнатi1эм щ1ыкIэлъыплI1ныкIэ и къэрал комитетым щекIуэкIа зэIуцI1эм щызэпкърахащ фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ организацэхэм я IуэхущIафэм теуухуа хъыбархэр хэIущI1ыу ящIын зэрыхуейр 2010 гъэм фокIадэм и 23-м УФ-м и Правительствэм къищта Унафэ №731-м щыгъэбелджылащ. А документым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м къару ягъуэтащ. Хъыбархэр хэIущI1ыу зэращ1 щыкIэр 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м УФ-м Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкI1э и министерствэм къыдигъэкIа приказ №882/пр.-мкI1э къащтащ. Нэхъапэм хъыбархэм зэрыхуейуэу хагъэгъуазэрт, иджы зи гугъу тщIы приказыр къызэрыдэкIрэ, зыхуэдэкIи, я куэдагъкIи абыхэм Iэджэкi1э хэхъуащ икIи фIэкIыплI1ныгъэ щIыпIхъэщ. Организацэм теуухуауэ формии 5, зэрахьэну унэ къэс тещIыхьауэ формии 8 ятхыу, хуэсакъыу яхъумэн, Iуэхущ1апI1эм и сайтым, федеральнэ сайтым, хъыбарегъащIэ стендым иралъхьэн хуейщ. ХэIущI1ыу ящI хъыбархэм я бжыгъэмрэ ахэр зыхуэдэмрэ хэпщIыкIыу хэхъуащ (УК-м теуухуа хъыбархэр 28-рэ, МКД-м теуухуахэр 69-рэ, капремонтым теуухуахэр 5, зэхэту ирагъэкIыжкI зэIущIэхэм зэрыщIыпхъэ, хэщIэхэмрэ хэхъуэхэмрэ теуухуахэр 50 мэхъу, лжьыгъэрэ Iуэхутхьэбзэхэр зэфIагъэкIыным теуухуахэр 100-м ноблагъэ), псори Iыхьи 8-уэ зэхэтщ, хъыбархэм я бжыгъэр 303-м нысэрохьэс.

ЩIыпI1 хабзэхэм якIэ иткIэ, хъыбархэр электрон тхылъу зэхуагъакIуэ, МКД-м и электрон паспорт ягъэхьэзыр. ЩIы Iыхьэмрэ унэмрэ (зыхуэдэ лI1эужьыгъуэм, и серием, щауха илъэсым, пэш кIэцIхэм я инагъ-цIыкIуагъым, абыхэм ящыщу псэупI1экъалытэхэм, къатхэр зэрыхъум, щIыхьэпI1эу иI1эм, псэупI1э-мыпсэупI1э пэшу хэтым) а псэупI1эхэр зыбгъэдэлым, фэтэр куэд хъу унэхэм я инженер-техническэ зэрыхъум, зэкIуэпI1э щIыпI1эхэм, фэтэр куэд хъу унэхэм я зехьэкIэм, ахэр зыIыгъэм я IуэхущIафэм, псыкI1, газкI1э, токкI1э къызэзыгъэпэщ организацэхэм, ахэр зейм (зейхэм), фэтэр куэд хъу унэхэм щыщу псэупI1э-мыпсэупI1э пэшхэр бэджэнду зыIыгъэхэм, пщIэкI1э къэзыщтахэм, коммунальнэ, псэупI1э тарифхэр зыхуэдэм, МКД-м и техникэ щытыкIэм, нэгъэущIхэми ятеуухуа хъыбархэр электрон паспортым зэуIуу щызэхуахьэс.

ПсэупI1э фондым теуухуа хъыбархэр зэхуэхьэсыным, хъумэным, зыхуей хуэгъэзэным, хэIущI1ыу щIыным, къагъэсэбэпыным, МКД-м и мылъку зэхэтым и зэхьапщIэмрэ а Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэмрэ зэкIэлъыхьыным пыщIа Iуэхугъуэхэр программэ, технологиехэр я лъабжьэу, «ЖКХ-м и ГИС-м и Iуэхукi1» Федеральнэ закон №731-м зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтащ. Абыхэм я Iуэхущ1апI1эм и Правительствэм и Унафэ №731-м зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтащ. Абыхэм я Iуэхущ1апI1эм и Правительствэм и Унафэ №731-м зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтащ. Абыхэм якIэ иткIэ, иджы дэтхэнэ унэми ехьэлIауэ, МКД-р зэрахьэну зэрыхуитыр тхылъкI1э щIагъэбыдэн (псори зрихьэлIа зэIуцI1эм и протоколыр, псэупIэр зейхэм зэхуэсу ирагъэкIуэкIар зыхуэдизыр, нэгъэущIхэри), ЖКХ-м и Iэнатi1эм щалэжьа къыхьаныгъэм къыхэкIыу, административнэ жэуапым зэрырашэлIам, апхуэдизу щ1ыпI1эныгъэхэр зэрагъэзэгъкIуэжам, капремонтым теуха хъыбархэр, копиехэр ядэщIыгъуу, хэIущI1ыу ящIын хуейщ.

«ЖКХ-м и ГИС»-м щызэпкърахьэх хъыбархэр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ я «ПсэупI1э-коммунальнэ хозяйствэм и къэрал хъыбарегъащIэ системэм и Iэхущ1кI1э» 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къыдэкIа Федеральнэ закон №209-ФЗ-м зэкIэлъеГъакIуэ. ПсэупI1эр зейхэм, унэхэр зэрызэрахьэну щIыкIэм, къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжьынухэм я фондыр зыхуэзэм, счет хэхахэри хэту, къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжьынухэм я фондым папщIэ къызэIуаха счетхэм я реестрым, МКД-р зезыхьэ щIыхухэм зэрыхъуэ-хьабгъэр 2015 гъэм накъыгъэм и 1-м къыщыщIэдзауэ Къэрал псэупI1э кIэлъыплI1ныгъэмкI1э инспекцэм и Iуэхущ1апI1эхэм щатхынущ.

Урысей Федерацэм и законодательствэм къиГъэувэм къемызэгъыу, зи гугъу тщIы системэм хъыбархэр зэрыщIэзэхуагъакIуэ щIыкIэр, Iэмалхэр е пIалъэхэр къызэпызыудхэр, и кIэм нэгъэсауэ езымытхэр, апхуэдизу тхылъ нэпIуI зыгъэзыхэрэр административнэ жэуапым ирашэлIэнущ.

Управляющэ компание, ТСЖ, ЖСК псоми я унафэщ1эм накъыгъэм и 1 пщIондэ «ЖКХ-м и ГИС» системэм зыщрагъэхтэн хуейщ. ПланкIэ е абы щымыщ кIэлъыплI1ныныгъэхэр щриГъэкIуэкIа, а махуэм щегъэжьауэ Комитетым къипщытэнущ хъыбархэр зэIущI1ыу зэрыщIыпхъэм теуухуауэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэ №731-м халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм я пIалъэхэр кIыхьэ иткIэ, УФ-м Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкI1э и министерствэм къищта щапхъэхэр (формэхэр) къызэрагъэсэбэп щIыкIэр.

ГУЗЕЕВЭ Индирэ.

НэхъыфIыр ягъэбелджылын мурадкI1э

«Урысейм и хьэпшып нэхъыфIу - щэ» урысейпсо зэпеуэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэм фIагъымкI1э и саугъэтыр зратынухэр къыщыхъэ зэхьэзэхуэмрэ хэтынухэм зрагъэтхыну яджыри зэман яI1эщ.

ЗЭПЕУЭМ ухыхьэн папщIэ кIыхьэгъэпэщакIуэхэм кIыхьэрагъэувым хуэдэу, тхылъымпIэ псори бгъэхъэзыру мэкъуауэгъуэм и 25 пщIондэ етын хуейщ. Абы зезыгъэтхахэм я хьэпшыпхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я гъэлъэгъуэныгъэ бадзэуэгъуэ мазэм кIыхьэрагъэпэщынущ.

Зэпеуэм хэт хъунущ уней Iуэхущ1апI1э зэмылIэужьыгъуэхэр, жылагъуэм папщIэ хъэпшып, шхынхэкI, псэуалъэпхъэ къыщIэзыгъэкIхэр, Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэ зыщIэхэр, нэгъэущIхэри.

НэхъыфIу къалытэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм деж фIагъымкI1э щыIэ саугъэтыр и лауреат» щIэр фIащ, щIыхь тхылъыр фэеплъ саугъэтэхэмрэ ятат. Апхуэдэ щIэ л1ап1эр къэзылэжьахэм «Российское качество - 100 лучших товаров России» тхылъым я хьэпшыпхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ щытепсэлъыхьыну, я фIэщыгъэр хьэпшыпхэм трагъэуэну хуитыныгъэ яIэщ. Зи хьэпшып нэхъыфIу къалъытэхэм зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэр - «Лидер качества» щIэ л1ап1эр, «Гордость отечества», «Вкус качества», «Новинка года» щIэхэр фIащынущ.

ТекIуэхэр 2015 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм, фIагъым и дунейпсо махуэмрэ фIагъым и европей тхьэмахуэмрэ техуэу ягъэлэпIанущ.

Зэпеуэм теуухуа хъыбар «Кабардино-Балкарский ЦСМ» бюджет Iуэхущ1апI1эм къыщыфщIэ хъунущ: Налшык къалэ, Елбэдым и цIэр зезыхьэ уэрам, 45. тел: 74-01-73.

Техникэмрэ метрологиемкI1э Федеральнэ агентствэм, фIагъым и лъэпощхьэпохэмкI1э академием, КъБР-м и Правительствэм, «СтандартизацэмкI1э, метрологиемрэ къэпщытэныгъэмкI1э къэрал хэгъэгу Iуэхущ1апI1эу КъБР-м щыIэ» Федеральнэ бюджет Iуэхущ1апI1эм зэпеуэр къызэрагъэпэщащ.

КъБР-м и Печатымрэ цIыхубэ коммуникацIэхэмкI1э и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ1апI1э.

● Къэрал Iуэхущ1апI1эхэм

«Коррупцэм пэщIэтыным и Iуэхукi1» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м къыдэкIа Федеральнэ закон №273-ФЗ-мрэ 2014 - 2016 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Зэзыгъэныкъуэ судыщIэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныкIэ къулыкъущ1апI1эм коррупцэм зэрыщIепэщIэтынум теуухуауэ 2014 гъэм накъыгъэм и 19-м къыдагъэкIа приказ №33-мкI1э къащта программэмрэ апкъ иткIэ, коррупцэ хуэмэбжьымэхэр профилактикэ щIыным, ахэр щымыгъэIэным хуэунэтIауэ Iуэхугъуэ пыухыкIахэр хабзэм тету ди Iэнатi1эм ирегъэкIуэкI.

Мазищыр зыхуэдар

ПСАЛЪЭМ папщIэ, хэхъуэхэм, хэщIхэм, мылькум, а мылъкур зыхуэдэм екъэлIауэ яIэ къалэнхэм я справкэхэм я щапхъэр (формэ) нэгъабэ мэкъуауэгъуэм и 23-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкIа Указ №460-мкI1э кIащта нэужь, ди Iуэхущ1апI1эм и граждан къулыкъущIэхэмрэ зэзыгъэкIуэ судыщIэхэм я аппаратэмрэ сенынэ дерэхэр драгъэкIуэкIащ, хэхъуэхэм, хэщIхэм, мылькум, а мылъкур зыхуэдэмкI1э я кIалэнхэм ятеуухуа хъыбархэр зэратх, хэIущI1ыу зэращ1 щыкIэм хагъэгъуэзащ. Ди Iэнатi1эм и пщалъэ-правовой актхэм я проектхэр коррупцэ нэщэнхэм зэрыхуэкIр къызэпщIэтэ къудамэм и лэжьакIэм ткIийуэ дыкIэлъоплъ. Къулыкъущ1апI1эмрэ зэзыгъэкIуэ судыщIэхэмрэ я Iуэхущ1афэм теуухуа хъыбархэр цIыхухэмрэ организацэхэмрэ пэрыуэнэзу я1эрыхьэн папщIэ, ди официальнэ сайтым ахэр махуэ хэсс щIэрыщIэу щызэкIэлъыдэдох, коррупцэм зыщыхьумэным, пэщIэтыным хуэунэтIауэ ди къэзэнэкъуэ кIыхьэзыгъэпэщ Iуэхугъуэхэр хэIущI1ыу дощI. Хъыбархэр зыхуэдэмрэ зэрызэхуэкIуэмрэ ди нэIэ тедгъэтщ.

Апхуэдизу, республикэм и СМИ-хэм я лIыкIуэхэр хьэпшып1эу ди къулыкъущ1апI1эм деж щыIэ Жылагъуэ советым и зэIущI1 едгъэкIуэкIащ. Абы къудамэхэм я унафэщIхэм я отчётхэм дыщедэIуащ, коррупцэм зэрыпэщIэт щыкIэр щызэпкърахащ, ахэр щыхуэ хъыбарегъащIэ Iэнатi1эхэм къыщыдгъэлъэгъащ.

«Дзыхь зрагъэз» телефоным, ди къулыкъущ1апI1эм и официальнэ сайтым, и электрон Iощтым зэрызыкIуэгъазэ щIыкIэм теуухуа хъыбархэр КъБР-м къыщыдкI газетхэм щIэкIыхьэрэ тыдодзэ, республикэм и Зэзыгъэныкъуэ судыщIэхэмрэ ди Iуэхущ1апI1эмрэ я хэщIапI1эхэм я пэIущIэ пэшхэм щыфIэдза стендхэм къыщыдогъэлъагъэ.

Граждан къулыкъущIэхэм коррупцэ хуэмэбжьымэ зыхэль къуанщагъэ ялэжьу гу льатауэ зи гугъу тщIы зэманым зыми зыкъытхуигъэзакъым.

КъыпIэрыхьа тхыгъэхэм дызэрыхэплъам къыкIуэхэр ди къулыкъущ1апI1эм и официальнэ сайтым итIьхьащ, апхуэдизу «Кабардино-Балкарская правда» газетым къытредгъэдзащ.

Коррупцэм зыщыхьумэным, апхуэдэ нэщэнэхэр ди лэжьыгъэм зэрыхэмыхьэным гулыитэ хэха худощI, а Iуэхум зэпымыууэ ди нэIэ тедгъэтщ.

МЭШЫКЪУЭ Хьчим,
КъБР-м и ЗэзыгъэкIуэ судыщIэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщныныкIэ къулыкъущ1апI1эм и унафэщI.

● Хъыбар гуапэ

И Iэнатi1эм хуэпэжщ

Щэджэм райпом и Iэтащхьэ Iэрыпщэ Аскэрбий «Гъэм и унафэщI нэхъыфI-2015» саугъэтым и лауреат хуэщауэ икIи абы и щIыхьэту «ФIагъым и лъэпкъ дамыгъэ» щIыхь медалыр къыхуагъэфэщащ. А урысейпсо саугъэтыр ХьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм зегъэужьыным щIэгъэкъуэн хуэхъуныныкIэ фондым игъэуваща Къэрал Думэм и депутатхэм я жэрдэмкI1э. Ар хуэгъэзащ Iуэхущ1апI1эхэм я Iэтащхьэ нэхъыфIхэр гъэпэжным.

Щэджэм райпор Роспотребсоюзым и Iуэхущ1апI1э нэхъыфIхэм зэращIыщым щIыхьэт тохъуэ ар урысей зэпеуэхэм куэдрэ зэрыщитекIуар икIи Потребкооперацэм и зэгухьэныгъэм и дамыгъэ Iуэхущ1апI1эм къызэрыхуагъэфэщащ. Iуэхущ1апI1эм районым и экономикэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуещI. Ар куэдкI1э и фIыгъэщ1уэ зи гугъу тщIы райпом илъэс 25-м нэблэгъауэ и унафэщI КъБР-м цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэным и Iэнатi1эм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Iэрыпщэ Аскэрбий. Ар мы къулыкъым пэрыуэ иужь, районым сатум хуабжьу зыщиужьащ. Аскэрбий езыр зи унафэщI гупыр сыт щыгъуи хуэзэщIегъэуIуэ екъулIэныгъэхэр зыхъхьаным. Мы зэманым райпом хэтщ сату щIыпIэхэу, шхапIэхэу, ерыскIыкъэкIхэр зыгъэхьэзырхэу Iуэхущ1апI1э 40 хуэдиз. Компанием тыкуэнэкър щиIащ районым и куэажэ псоми.

Iэрыпщэм зэрыжиIащи, потребкооперацэр псом япэу зыхуэлэжьан хуейр къуажэдэсхэрщ. Араща псэуныгъэм екъэлIа Iуэхухэр зэфIэгъэкIынырщ сыт щыгъуи псом япэ щIрилъэщIри. Абы и гулъытэр хуэгъэзауэ ветеранхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, зыхуэзфIэмыкIхэм ядэIэпыкъуным. Сатум, общепитым, потребкооперацэм хьэрычэтыщIэ Iэнатi1эм я лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщI Бекъалдаш Маритэ зэрыжиIэмкI1э, ар а профсоюз къудамэм и президиумым нэхъ жыджэр дыдэу хэтхэм ящыщу.

БлэкIа илъэсри Щэджэм райпом екъулIэныгъэ хэлъу къызэринэкIащ - лэжьыгъэм и Iэнатi1э псоми хэхъуэу сом мелуан 53-м щIигъу къыпахащ. Нэхьыбэ хъуащ пайхэр хэзылъхьэхэм я бжыгъэри. Райпом налог ахъщэшхэу хилъхьащ щIыпI1э бюджетми. А псоми я фIыгъэкI1э Iуэхущ1апI1эр яхьыхащ Iэнатi1эм щынэхъыфIхэм.

Iэрыпщэм иджыблагъэ нэгъуэщI пщIэи кIыльпысащ - абы «Къэрал ухуэныгъэмрэ мылъку-экономикэ лэжьыгъэмрэ я Iэнатi1эм щIыхь зиIэ унафэщI» щIэр кIыфIащащ, «Урысейм и фIыгъуэм зэрыхуэлажьэм

•Текlуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлlэу

Жэрумэкъуэ и къуэ пажэхэр

Хэку зауэшхуэр ди Текlуэныгъэкlэ зэриухрэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлlэу, тхыгъэ зэмылlэужьыгъуэ куэд газетхэм къытохуэ, радиоми, телевиденэми нэтын купщlафlэхэр щагъэхьэзыр. «Зауэм и щlэблэкlэ» - эдэжь сэ схуэдэхэм ар хуабжьу гуапэ тщохьу, сыту жыпlэмэ, ди щхьэхуитыныгъэм папщlэ зи псэр зытахэр уахъытыншэщ, абыхэм я цlэр зэи мыкlуэдыжьыщ.

УНАГЪУЭ дапщэ игъэгуlа а зауэ гущlэгъуншэм, адэншэ, щхьэгъуэсэншэ ищlахэм я фэм дэкlамрэ игъэвамрэ хэт кьиlуэтэфын?!

Мы тхыгъэм зи гугъу щысщlынур куэдым яlэщlэхужа, уеблэмэ и цlэр зэхамыха къуажэри, абы щыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэщ, лыигъэм и щапхъэ къагъэлъагъуэу мафlэ лыгъэм зи щхьэ хэзыльхьахэрщ. Ар Жэрумэкъуэкlэ зэрдэсу щыта жылэ цlыкlурщ, абы щыпсэуахэрщ. Мы зэманым къуажэр щыlэжькъым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и картэми итыжькъым.

1927 - 1928 гъэхэм жылагъэушхуэхэм къыхагъэкlыу щхьэхуэу ягъэтlысахэм ящыщт Жэрумэкъуэр. Зытелэпхъуэкlар Шэджэм Етlуанэрт. Километриплl нэхъ пэмыжыжьэу, нобэрей Джэрмэншык къуажэм и щыбым кьыдэст Шэджэм псым и Iуфэмрэ мэз лъапэмрэ хуэзэу. Сэ сыкъыщалъхуари, си сабиигъуэр щыкlуари а щылпlэрщ. Фашист зэрыпхъуакlуэрэр кьыщыттеуам, унагъуэ 30 фlэкlа зыдэмыс жылэ цlыкlум щlалэ 22-рэ фронтым игъэкlуати, бгъум къагъэзэжакъым, зэуапlэ губгъуэм я щхьэр щагъэтlылъащ. Текlуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлlэу абыхэм я цlэр кьитlуэрэ, газетеджэхэм едгъэщlыхумэ, гуапэ зэращыхьунум шэч хэлъкъым.

Мис ахэр: Алю Хьэжсуф, Мэкъушэ Мытlутl, Нэхущ Айтэч, Къардэн Билал (си адэр), Къумыкъу Пщыэбий, Къарэмызэ Хьэсэн, Чап Ибрэхьим, зэшхэу Мэкъуауэхэ Мухътаррэ Хьалидрэ. Кьыхэзгъэщыну сыхуейт абыхэми, си насыпп кьихьу кьэзыгъэзэжахэми орден, медаль зэмылlэужьыгъуэхэр зыхуамыгъэфщэ зэрахэмытар.

Зауэ нэужь лъхъэнэ хьэлъэм инри цlыкlури губгъуэм итт, бийм зэкиьута цlыхубз хозяйствэр зэфlагъэувжьырт. Апхуэдэу екlуэкlыурэ, ди жылэмрэ Джэрмэншыкрэ щызэхэт колхозхэр 1951 гъэм зэхаг-зэхьэжри, Нуажитlри зы Щыпlэ советым дратауэ щыташ. Иужькlэ, илъэсибгъу нэхъ дэмыкlыу, 1960 гъэм жылэм дэс нэхъыжьхэм я жэрдэмрэ я лъэIукlэ, зыхэlэпхъуакlа Шэджэм Етlуанэм жэрумэкъуэдэсхэм ягъэзэжащ, пlалъэ кlэщlкlи тыншу яхэзэгъэжащ. А нэхъыжьыфlхэр нобэ къытщхьэщытыжькъым, я ахърэтыр Тхьэм дахэ ищl!

Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 40 щркъум ирихьэлlэу, къуажэ, район администрацэхэм я жэрдэмкlэ, хэкlуэда ди щалэхэмрэ кьэзыгъэзэжахэмрэ я цlэхэр зэщхьэщыхьэу зытет фэеплъ екlу 1985 гъэм Шэджэм Етlуанэм кьыщызэлlуахащ. Абы кьыбгъэдэту «Анэ щыгъуэ» обелискымрэ Мафlэ мыужьыжьымрэ. Ахэр зэрагъэуврэ илъэс 30 хуэщщи, зы гъи къэмынэу, Накьыгъэм и 9 махуэм куажэм сыкlуэжурэ, а фэеплъхэм я пащхьэм уда гъэгъаэхэр щызогъэтlылъ, тфэкlуэдахэр, зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэхэр сигу кьызогъэкlыжь.

«Зауэм и кlэр хьэдагъэщ», - жаlэ игъащlэми. Сэ сольаlуэ а зэман бзаджэм щlыхухэм я нэгу щlэкlа гуаузмрэ гузэвгъэумрэ хуэдэ пщlыхьэпlэ къудейуэ щlэблэм ямылъагъуну, дунейр мамыру, къэралыр узыншэу мы гъащlэм зыдауэзщlыну.

КЪАРДЭН Хьэсэн.
Налшык къалэ

•Хэку зауэшхуэр еух

Махуэр махуэм кlэлъокlуэ

1945 гъэ

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ И 22-м

1-нэ Украин фронтым къищтащ ди дзэхэм къапэщlэтыныжкlэ Германием и дежкlэ мыхьэнэшхуэ зиlэ Котбус къалэр.

1-нэ Украин фронтым и дзэхэм яубыдащ щы щlагъым щыlэу команднэ пунктхэр зыхэт Доссен къалэр.

Гужьеигъуэм зэщlиубыда Гирлет, нэгъуэщl Iэмал щимыгъуэтыжым, лъэхъуэщым и цlыху мин 80 къиутlыпщжащ, ахэри, ахэр зыхъумэу щыта полицей мин 32-ри ди дзэхэм я бийуэ зауэм кьыIуигъэхьэн мурад иlэу. Абыхэм я армэр зэтеухуэныжкlэ къызэрагъэпэща штабым щlэгъэкъуэн хуэхъун мурадкlэ Гитлер игъэкlуащ фельдмаршал Кейтель Вильгельм.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ И 23-м

1-нэ Белорус, 1-нэ Украин фронтхэм (маршалхэу Жуков Г. К., Конев И. С.) я дзэхэр Оддеррэ Нейсерэ я деж бийм хуабжьу щебгъэрыкlуащ, Берлин и уэрамхэм зауэ щрагъэкlуэкlащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ И 24-м

1-нэ Белорус фронтым и 3-нэ гвардейскэ танк армэмрэ 28-нэ армэмрэ 1-нэ Украин фронтым и 1-нэ армэмрэ, Берлин и КъуэкIыпlэ-Ипщэ лъэныкъуэм зауэ гуащlэхэр щрагъэкlуэкlыжащ, къалэм и уэрам нэхъыщхьэхэм ящыщ зым щызэрихьэлlащ.

1-нэ Белорус фронтым и 47-нэ армэм, 65-нэ танк бригадэм, 2-нэ гвардейскэ танк бригадэм Берлин и къухьапlэ лъэныкъуэм щыlэ Кетцин щlыпlэр къащтащ.

Махуэм и кlэм ирихьэлlэу 1-нэ Белорус, 1-нэ Украин фронтхэм яхуэзфlэкlащ Берлин щыlэ франкфурт-губен дзэ гупыщхуэр къаухъуреихьащ.

Адыгэ кхъухьлатэзэхуэ хахуэ Къуэныкъуэй Назир Берлин сурэт трихащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ И 25-м

Берлин и къалэкум ебгъэрыкlуэн и пэ кьихуэу, «Салют» зыфlаща планым тету, 16-нэ хьэуа армэм и кхъухьлатэ 1486-м бомбэ мин бжыгъэкэр щрадзыхащ.

Мэлыжьыхьым и 26-нэ махуэр кьыщихьэ жэщым 18-нэ хьэуа армэм и кхъухьлатэ 563-м бомбэ едзыхьным пащащ икlи фашистхэм бомбэ тонн 569-рэ трагъэпсыхащ.

1-нэ Белорус фронтым и дзэхэмрэ американыдзэхэмрэ Торгау къалэм и деж Эльбэ псым щызэIущlащ.

1-нэ Белорус, 1-нэ Украин фронтхэм я дзэхэм къанэ щымыIэу Берлин къаухъуреихьащ.

3-нэ Белорус фронтым (маршал Василевский А. М.) и дзэхэм Пиллау къалэр къащтащ.

США-м щыIэ Сан-Францискэ къалэм Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм - (ООН-м) и конференц къыщызэlуахащ. Абы СССР-м и лIыкlуэхэм я мызакъуэу, Украин ССР-мрэ Белорус ССР-мрэ яйхэри ирагъэблагъащ.

Италием и Генуе, Милан, Турин, нэгъуэщl къалэ инхэми фашист Германиемрэ Муссолинирэ я бийуэ цlыхухэм зыкъщlаIэтащ.

СССР-м, США-м, Великобританием я правительствэхэм ткlийуэ жаIащ фашист Германием гъэру яубыда цlыхухэм леишхуэ зэрырахуэр гум тебгъахуэ зэрымыкъунур.

Зыгъэхьэзырар **УЭРЫШ Нурхьэлийщ.**

Чэрим Борис. *1990 гъэ*

РСФСР-м, КЪБАССР-м щlыхь зиlэ я дохутыр, СССР-м узынщагъэр хъумэныжкlэ и отличник Чэрим Борис и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъуащ.

АР КЪЫЩАЛЪХУАЩ Тэрч районым хыхьэ Курп Ищхъэрэ (Къаншыуей) къуажэм. Чэримхэ зэкъуэшитхэр зы льапсэм дэст, унагъуэм зэгъусэу щlыр зэрахьэрт, ерзым я гъэхэр яlэжти, зэхурикъужу зэдэлажьэрт. Зэкъуэшэм я нэхъыжькъ Лэкъумэн, быниплl къыщlэнри, пасэу дунейм ехьжащ. Куэд дэмыкlыу ахэр унагъуэ кьулейхэм хабжащ, яlэр кьытрахри, цlыхухъу нэхъыжьхэр Азие Курытым ягъэкlуащ.

«Ди анэ дзэлхум нэхъыщlэхэр дыдзэщlикъуэри, Псынабэ дишат, - игу кьегъэкlыж Лэкъумэн и къуэ Борис. - Абы япэ классым сыщыщlэтlысхащ, илъэсиблъ къэзухащ. 8 - 9-нэ классхэр къэзухьи папщlэ, лъэсу Хьэтъун нэс сыкlуэурэ седжащ. Классым дыщlэсыр еджакIуиплl къудейт».

Зауэр къэхъери, Борис и къуэш нэхъыжьыр 115-нэ шуудзэм хыхьащ, курыгри дзэм кьулыкъу щищlэну дэкlащ. А зэманхэм Борис колхозым и трактор бригадэм учетчикыу щылажьэрт. И ныбжьэгъуэхэм жаIэу абы зэхихащ Налшык школ-интернат зэрыдэтыр, абы щlэсхэр сыт и лъэныкъуэкlи къэралым кьыззэрызэригъэпэщыр. Арати, щlалэр лъэIуакlуэ макlуэ ВКП(б)-м и Аруан райкомым и япэ секретарь Хьуран Хьэжмурид и деж икlи жреlэ и щlэныгъэм а интернатым щыпищэну зэрыхуейр. Хьуранымэ екъэкlкъехьэкlхэмылъу Борис кьыжриащ ар кьыззэрыкlэрыхуар, мазэ хьуауэ классхэм щlэсынухэр зэратхар. Итlани, секретарым «пщlэнукъым зэрыхъунур» жиlагъэнщ, Борис направленэр кьритри, кьиутlыпщыжащ.

Анэм гъуэгу уасэ кьыIихри, щlалэм Налшыккlэ иунэтlащ. Поездым ар и кьуажэгъу щlалэхэм щыхузэащ, зыр медицинэм, адрейр педагогикэ училищэм щlэтlысхьэуэ кьыжраIащ. Бориси и мурадыр и цlыхугъэхэм щажриlэм, тlури кьыщыдыдьэшхащ: «Зэи уэ а интернатым укъащтэнукъым, абы щеджэжэр зауэм хэкlуэда лIыхъужьхэмрэ парт лэжьакlуэхэмрэ я бынэрщ», - жаIэри. Щlалэхэм я псалъэм Борис къиГъэдзыхакъым.

Нобэ хуэдэу ещlэж а фокладэ махуэ дахэр. Интернат пщlантIэм дэту унафэщlыр кьилъэгъащ. «Къамбий Хьэматlэ и хуэдэщ и гъусэу щытт. Я хъуреягъкlэ зи ныбэ из, зы щхьэкlи мыгузавэ ныбжьыщlэхэр щызэрызехьэрт. Сэрати - ерыскъы сIымыхуауэ сымэжалIэу сыкъэкIуат, - игу кьеГъэкlыж Борис. - Сабгъэдыхьащ. 9-нэ классыр къызэрызухамкlэ тхылъымрэ направленэмрэ яхуэсшащ. Хьэматlэ къызэпlъри: «Чэрим Кърым уи хэт?», - жиIащ. «Си къуэщщ», - жызоIэ. Жэуапыр щызэхихым, Къамбийм и псалъэхэм занщlэу дыщlиГъуащ: «Уи къуэшым хуэдэу уеджэнумэ, укъэсщтэнщ». Арати, абы завучым и пщэ ирилъхьащ къызэпсэльэну, си щlэныгъэр здынэсри къипщыгъэну. Сощlэж, Пифагорым и теоремэмкlэ, географиемкlэ, тхыдэмкlэ упщlэ зэмылlэужьыгъуэхэр абы къызэрызитар. Икlэм-икlэжым, ар си жуэпхэм арэзы ящlри, унафэщlым хъыбар иригъэщlащ. Къамбийм занщlэу вакъэ, щыгъын къызригъэтащ. Иужькlэ къэсщlащ апхуэдэу тыншу абы щыгъуэм интернатым сыкъыщlащтар - еджапIэм щlэтlысхьахэм ящыщ зы хъыджэбз цlыкlу къэкlуатэкъым, абы и пIэм сэ срагъэувауэ арат».

Борис игуи ипси хьихьэу, егугъуу еджащ, 1947 гъэм 10-нэ классыр кьиухащ. Адэкlэ еджэну абы и мурадым хэттэхьым, арщхьэкlэ язныкъуэхэм гъащlэм езым и лъагъуэ гуэрхэр упэмплъауэ къыпхуэзIуех. А илъэсхэм щыпlэ властурипсэуфынугэкъым. Тетрадь, тхылъ жыхуаIэхэр диIэтэкъым. Газет напэхэм дытетхьху арат. Анатомиемкlэ тхылъыр зы сыхьэткlэ пIыгъынымэ, библиотекэм нэхъ пасэу зыщlебгъэтхьыу, чэзур кьыплъысыным уежьэн хуейт. Ауэрэ еджэнми хуэмурэ сызыIэпишэжри, илъэситхур, зы махуэм хуэдэу, кIуащ».

Осетие-Ищхъэрэм Медицинэмкlэ и къэрал институтыр 1952 гъэм кьиухри, Борис медицинэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ зиlэ адыгэ 12-м ящыщ хъуащ. Чэримым и гугъащ Налшык ар кьагъэкlуэжу щагъэлэжьэну, арщхьэкlэ узынурипсэуфынугэкъым. Тетрадь, тхылъ жыхуаIэхэр диIэтэкъым. Газет напэхэм дытетхьху арат. Анатомиемкlэ тхылъыр зы сыхьэткlэ пIыгъынымэ, библиотекэм нэхъ пасэу зыщlебгъэтхьыу, чэзур кьыплъысыным уежьэн хуейт. Ауэрэ еджэнми хуэмурэ сызыIэпишэжри, илъэситхур, зы махуэм хуэдэу, кIуащ».

Осетие-Ищхъэрэм Медицинэмкlэ и къэрал институтыр 1952 гъэм кьиухри, Борис медицинэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ зиlэ адыгэ 12-м ящыщ хъуащ. Чэримым и гугъащ Налшык ар кьагъэкlуэжу щагъэлэжьэну, арщхьэкlэ узынгъэкlыу.

Жэуаплныныгъэ хэлъу дохутыр щlалэр зэрылажьэм гу лъатэри, республикэм кьыбгъэдэкlыу Дохутырхэм я союзпсо зэхуэсым хэтыну ар ягъэкlуащ, Ленинград щlэныгъэр щрагъэфlакlуэ курсхэм и зэфlэкlкlэ щыхигъэхъуэнуи яутlыпщащ. Абы иIыгъ тхылъым кьыхуратхат: «И ныбжькlэ щlалэми, икъукlэ гурыхуэщ, хирург Iэкlуэльакlуэщ».

«Илъэс ныкъуэкlэ Ленинград сыщыIащ, зэфlэкlэ зиlэ дохутырхэм, щlэныгъэлIхэм сахэту, - жиIэ Борис. - Сымаджэщ зэмылIэужьыгъуэхэм лэжьыгъэхэм дащыкlэпхъупльыр. Куэд кlэ лэжьыгъэхэр районым зэрыщегъэкlуэкlыпхъэр. Апхуэдэу, илъэс зэкlэлъыкlуэхэм щыпlэм хуабэузыр (брюшной тиф) къыщыхьеяуэ щытащ. А узыфэм зэребэныну хущхъуэр абы щыгъуэм япэу илъэси 7 си ныбжьым деж щегъэжьауэ ирахьэлlэрт.

1963 гъэм Чэрим Борис Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ ящlащ. Абы щыгъуэм япэу къызэрагъэпэщат узынщагъэр хъумэныжкlэ къуажэ Iэхущlапlэхэм ягъакlуэ сымаджэхэм Iэщlагъэлlэхэр щечэнджэщ поликлиникэ. Борис административнэ лэжьыгъэ зэфlигъэкlхэм къадэкlуэу, операцэхэри ещl, районхэм лэжьыгъэ зэмылlэужьыгъуэхэр щрегъэкlуэкl.

1976 гъэм Чэримыр Къалэ сымаджэщым и унафэщl хъуащ икlи а Iэнатlэм илъэс 21-кlэ пэрытащ, и къару щымысхьыжу лажьэу. Сымаджэщым и къудамэ зыбжанэр щылажьэр зауэм и пlэ илъэсхэм ящlа унэхэрати, ахэр къэгъэщlэрэщlэжьхэн хуейт. Аратти, «Дэлэпыкъуэгъу псынщlэм» папщlэ гаражхэр яухуащ, котельнэ, конференц-зал, библиотекэ, нэгъуэщlхэри ящlащ.

Сымаджэщым къыщызэIуахат хирургие, кардиологие, неврологие, эндокринологие къудамэхэри, нэгъуэщlхэри. Къызэрагъэпэщащ гу-псантхуэ узыфэхэм щlэзэз пэшхэри. Ар хъэрэнэу зэрызэфlагъэкlар къыхигъэщауэ щытащ академик Чазов Евгений сымаджэщым къыщлебгъаьм.

Сымаджэщым зыужьыныгъэшхуэ игъэтауэ къалъытат гемодиализымкlэ къудамэр къыщызэIуахам. Апхуэдэ щlыкlэкlэ дохутырхэм Iэмалыщlэхэр къагъэсэбэпыф хъуащ сымаджэ хьэлъэхэм щеIэзэкlэ. Иджы сымаджэхэр Владикавказ нэс щlэкlуэн щыIэжтэкъым. Къищынэмыщlауэ, «Дэлэпыкъуэгъу псынщlэхэр» жэщми махуэми лажьэ хъуащ, «Дубки» районым лъхуапlэ уэнэ етlуанэр къыщызэIуахащ.

Борис гулъытэшхуэ хуищlырт и лэжьакlуэхэм я щlэныгъэм, зэфlэкlым зэрыкагъэхъуэным. Сымаджэщым КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм и клиникэ базэти, кафедрахэм я лэжьакlуэхэр хэту щlэныгъэ-практикэ конференцхэр, дерсхэр, нэгъуэщl Iэхугъуэхэри ирагъэкlуэкlырт.

«Си япэкlэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу щыта Кlэнцlалий Тембулэт куэд лъэкIат Iэхущlапlэм зегъэужьынымкlэ, - жеIэ Чэримым. - Нэмыцэр щыналъэм къыщызэрыхьам сымаджэщыр зэтракъутауэ щытащ. Ар зэрызэрагъэпэщыжькн мыльку яхурикъуртэкъым. Корпус къэс а зэманым котельнэ щхьэхуэ зырыз яIэти, КIэнцlалийр езыр яхэту пхъэхэр якъутэрт, щы-махуэм зыхуагъэхьэзырт. Мэзым шыгукlэ кIуэрт. Зэрахуэзфlэкlкlэ сымаджэхэм я щхьныр къызэрагъэпэщат. Апхуэдэ зэман мытыншым абы хуэзфlэкlар мащlэкъым. 1970 гъэхэм я пэщlэдзэхэм Налшык дащыхьат промышленнэ, ухуэныгъэ предприятэхэр. Абыхэм щылъхьэжми я узынщагъэм кlэлъыплъын зэрыхуейм сымаджэщым и лэжьыгъэр нэхъ хьэлъэ ищlырт, ауэ нэгъуэщl лъэныкъуэкlэ укъеплъмэ, фIы гуэри хэлът. ЯхуэзфIакlащ а предприятэхэм я ахъшэ сымаджэщым зрагъэужьыным кхыхалъхьэу ящlыным. Абы и фIыгъэт унащхьэжэ зэрызэрахуэкlыфар, телефон, уэздыгъэ кIапсэхэр щlэрыщlэу зэраукъуэдияр.

Чэрим Борис и жэрдэмкlэ Къалэ сымаджэщ №1-м щагъэуваУэ щыташ Хэку зауэшхуэм хэкIуда медицинэ лэжьакlуэхэм я фэеплъ. Иджыблагъэ кьызэIуаха корпусыщlэри Чэримым и зэманым ящlын кърагъэжьат, арщхьэкlэ мылъку хуэныкъуэу илъэс зыбжанэкlэ лажьыгъэр кьызэтрагъэувыIэжауэ щытащ.

1997 гъэм кьыщыщlэдзауэ 2007 гъэ пщlондэ Борис ОМС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыпlэ фондым и Iэщlагъэлl нэхъыщхьэу щытащ. Ар лэжьыгъэм хуэпэжу кьызэрыгъуэгурыкIуар щапхъэ яхуэхъуащ и бынэми - ипхъури и кьуитIри дохутыр хъуащ.

ХУЖЬОКЪУЭ Нэхунэ.

•Дифl догъэлъапlэ

Iэщlагъэмрэ цlыхумрэ щызэхуэфащэкlэ 85

Ленинград щlэныгъэр щрагъэфlакlуэ курсхэм щыIэщ. Хирург-онколог Нэхущ Хьэрэбий и гъусэщ (Борис ижьырабгъумкlэ щытщ). *1955 гъэ*

Борис и унагъуэм яхэсу.

Борисрэ и щхьэгъусэ Еленэрэ. *1962 гъэ*

2002 гъэм гъатхэпэм и 8-м. Чэрим Борис яхэтщ ОМС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыпlэ фондым къыщыдэлажьэ бзылъхугъэхэм.

Борис и унагъуэм яхэсу.

Борисрэ и щхьэгъусэ Еленэрэ. *1962 гъэ*

2002 гъэм гъатхэпэм и 8-м. Чэрим Борис яхэтщ ОМС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыпlэ фондым къыщыдэлажьэ бзылъхугъэхэм.

Борис и унагъуэм яхэсу. Хирургие-гинекологие операцэ щlыпlэ. Ар ящlа ильэс. Чэрим Борис и нэгъуэщl ныбжьыр. Ар ящlа ильэс 1956-рэ. Ар ящlа ильэс 1956-рэ. Ар ящlа ильэс 1956-рэ

Хьэщ1э лъапIэхэр къэхъунд эсхэм йопсалъэ.

Иужрей джэгуакIуэр ягу къагъэкIыж

Къэбэрдейм и мызакъуэу адыгэ псори дыз эрыгушхуэщ уэрэдыс, джэгуакIуэ, усакIуэ Хьэхъупащ1э Амырхъан. Мы гъэм ди къэралым щагъэува Литературэм и илъэсым, дауи, ар гулъытэншэу къэзэнэтхъым.

КъэХЪУН щ1ыпI1э администрацэм щ1эт къуажэ библиотекэр мэлыжьыхьым и 9-м хуабжьу ц1ыху к1ыапIэт. Абы щ1ыпл1пл1эт Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **КъуэIуфэ Хьэчим**, КъБР-м и ц1ыхубэ тхакIуэ **Елгъэр Кашиф**, «Шыхьл1агъуэ» литературэ зэгухьэныгъэр кьиз эзыгъэнэщ1уа ик1и абы и л1ажьы-гъэр зыунэт1 **Хьэх Сэфарбий**, «Эльбрус» тхыльт1ет1ет1ам адыгэбзэкIэ литературэ кьидагъэк1ыжык1э и жьыдамэм и унафэщ1 **Джэрыджэ Арсен** сымэ. Щ1хьэусыгъуэр - адыгэхэм ди иужрей джэгуакIуэу к1ал ы т э Хьэхъупащ1э Амырхъан дыз эрыт Литературэм и илъэсым иджыри зэ ф1ыкIэ ягу къагъэк1ыжу и фэеплъымрэ къущ1эна творчествэмрэ хуэфащэн пщ1э л1ьагэ хуэщ1ынырт.

Куэдым эращ1эщи, Амырхъан 1882 гъэм Аруан щ1ыналъхьэм хьыкъ Хьэхъун къуажэм кьыщ1ал ъуэщ. И адэ Iэсхьэд джэгуакIуэу, хъыбарыжьхэмрэ таурыхъэмрэ ф1ыуэ ищ1эу щытащ1. Абы и ф1ыгъэкIэ щ1ал эщ1ем пасэу уэрэдхэр, гъыбзэкIэ зэхилъхьэу иригъэжьат. Зэманым ихьэм хальхуэ, зи сабиигъуэри щ1ал эгъуэрэ дкъуэзуэ зыгъэкIуэ Амырхъан псэукIэщ1ем ц1ыхубэм къыхуихьа ф1ыгъуэ псори къигъэлъэгъуэну хущ1эхъуащ. Арац ар гъащ1эщ1ем и тепльэну зан-щ1э къыщ1эувар, и уэрэдхэмкIэ властыр и1эту.

Адыгэ Iуэрыл1уатэм и нэщ1анэхэр къызыхэщ, абы и жьпхъэхэм изагъэ уэрэдыжьхэмкIэ, усэхэмкIэ, гъыбзэхэмкIэ, жьыгъуэхэмкIэ Хьэхъупащ1эм кьыл1атэрт Iэщ1эм щ1ильагъу залымыгъэр, ц1ыхухэр зыгъэпуд Iуэхугъуэхэр. Хэку зауэшхуэм и илъэсхэмэ зауэ нэужьми усакIуэм и кьал эмыл1эм тхыгъэ ц1ыхубэ кьыщ1ак1ащ. Апхуэдэу дунейм кьытехьащ усакIуэм и лъжьыгъэхэр зэхуэхьесауэ зэрыт тхыльт щ1ыхь-зухэхэр. Хьэхъупащ1эм и рассказхэр, поэмэхэр, усэхэр нэхьыбэу зытеухуар ф1ащ1эжь блэкIар къэгъэлъэгъуэнымрэ совет л1ьхъэжьмэ и ф1ыгъэхэр Iэтыныр зт.

Зэф1эк1ыгъэ зыбгъэдэлъа усакIуэм кьыхуагъэфэщащ Лениным и орденыр, «Знак почета» орденыр, нэгъуэщ1 кьэрал дамыгъ эхэр, депутату кьэдгъэ хахащ. Хьэхъупащ1э Амырхъан «Къэбэрдей-Балъкъэрым и ц1ыхубэ усакIуэ» ц1э л1ьапIэр кьиф1ащащ.

«Иужьрей джэгуакIуэк1э» ерджэу щытами, Тхьэм и ф1ыгъэк1э, абы и деж щ1ихьакъым Хьэхъупащ1эхэ я унагъуэм и щ1энхабзэ зэф1эк1ыр. Iуэхум пищащ ц1ыхубэ уэрэдыс щ1эджащ1эм бгъэдэлъэ зэф1эк1ыр зыхуэк1уэжа и кьуэ Хьэсэн. Абы л1ьэк1 къигъэнахьым ц1ыхубэ Iуэрыл1уатэр, л1ьэпкъ щ1энхабзэр хьмэнымк1э, ар егъэф1эк1уэнымк1э ик1и хуэфащэ дыдэу «Къэбэрдей-Балъэкъэр Республикэм щ1энхабзэмк1э щ1ыхь зи1э и л1ажьы-гъэ» ц1э л1ьапIэр кьыф1ащащ щытащ.

Абдежми щ1ызэпыуакъым джэгуакIуэ Iуэхум Хьэхъупащ1э Амырхъан щ1ыпхьа л1ьагъуэм и щ1эблэм кьыпищ1эн. Зи адэшхуэм и адажьм и щ1эр зыф1ащ1уэ 1980 гъэм кьалъхуа щ1ал ц1ыкIур зэрыщыгугъуаз хьыщ1ак1ащ. Хьэхъупащ1э Амырхъан-нэхъыщ1эм и макъ жьгъыурм егъэбжьыф1э Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал филармонием и концертхэр.

Къэхъун къуажэм и нэхъыжьыф1хэм ящ1ыщ **Жэмыхъуэ Щ1ыхьырбий** псалъэ гуапэхэмк1э хьэщ1эхэр ирегъэблагъащ. Къызэхуэсахэм гъыбзэкIэ зэхилъхьэу ирилъэжьат. Зэманым хальхуэ, зи сабиигъуэри щ1ал эгъуэрэ щ1ыпхьэ щ1и1эу ар кьызэрек1уэк1ар.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм ц1ыхуи ф1ыгъэ псори къигъэлъэгъуэну хущ1эхъуащ. Арац ар гъащ1эщ1ем и тепльэну зан-щ1э къыщ1эувар, и уэрэдхэмкIэ властыр и1эту.

Адыгэ Iуэрыл1уатэм и нэщ1анэхэр къызыхэщ, абы и жьпхъэхэм изагъэ уэрэдыжьхэмк1э, усэхэмк1э, гъыбзэхэмк1э, жьыгъуэхэмк1э Хьэхъупащ1эм ц1ыл1атэрт ц1ыхубэ усакIуэ щ1ильагъу залымыгъэр, ц1ыхухэр зыгъэпуд Iуэхугъуэхэр. Хэку зауэшхуэм и илъэсхэмэ зауэ нэужьми усакIуэм и кьал эмыл1эм тхыгъэ куэд кьыщ1ак1ащ. Апхуэдэ дунейм кьытехьащ усакIуэм и лъжьыгъэхэр зэхуэхьесауэ зэрыт тхыльт щ1ыхь-зухэхэр. Хьэхъупащ1эм и рассказхэр, поэмэхэр, усэхэр нэхьыбэу зытеухуар ф1ащ1эжь блэкIар къэгъэлъэгъуэнымрэ совет л1ьхъэжьмэ и ф1ыгъэхэр Iэтыныр зт.

Зэф1эк1ыгъэ зыбгъэдэлъа

КъэфакIуэ ныбжьыщ1эхэм утыкур ягъэбжьыф1э. *Сурэтхэр* **Жылаесэ Iэсият** *трихащ.*

Пхъэшх Светланэ.

Литературэм и илъэс 2015

Гулъытэ хэIэтыкIа

Щ1ым и махуэ

ЮНЕСКО-м и жэрдэмкIэ, «Щ1ым и махуэ» зыф1ащ1а дунейпсо Iуэхугъуэр 1970 гъэм мэлыжьыхьым и 22-м щегъэжьауэ гъатхэ къэс ягъэлъапIэ.

ЩIЫ ХЪУРЕЙМ тес ц1ыхухэм а махуэм щегъэжьауэ гъатхэ псом и к1ыхьагъкIэ, хабзэ зэрыхъуауэ, щ1ыуэпсым гулъытэ хэIэтыкIа хуащ1: пщ1ынт1эжьмрэ уэрамкъэмрэ ягъэкъабзэ, жыгхэмрэ удз зэмыл1эужьыгъуэхэмрэ хасэ, дыкъэзыухъуреихь дунейм и щ1ытыкIэр егъэф1эк1уэным хуэунэт1ауэ къэралым, жылагъуэм щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэр дал ыгъ.

Гудзакъагъэ тхэлъу щ1ыуэпсым дыхущ1ытыным, гулъытэ хэIэтыкIа абы хуэт щ1ынымэ теухуауэ гъатхэм къраньхэжьэ Iуэхугъуэ зэмыл1эужьыгъуэхэм «Щ1ым и махуэ» ф1ащащ.

Тхыдэм кьызэрыхэщ1ыкIмк1э, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм и Небраскэ штатым XIX л1эщ1ыгъуэм и 40 гъэхэм и унагъуэр и Гъусэу Iэпхъуа Мортон Джон, прерие губГъуэ гъунэнщэм гъунэгъу щ1ыхуэхъум гу л1ытащ нэм кьыхуэмыплъыс тафэ абрагъуэм жыг закъуэтIакъуэххэ ф1эк1а зэрыщ1мыплъагъум. Щ1ыуэпсым и щ1ы1эк1э-псэук1эр гуропсэк1э зыхэзыщ1э ц1ыхум асыхьэту и нэгу кьыщ1ыхьащ1 жьэуапIэ къэзыт а къэщ1ыгъэ т1эк1ыхэри губГъуэм «абГуэ» щ1ызыхуэзну зи «нэ къик1» ц1ыхухэм ун эльащ1эрэ пхъэгъэсыну зэрал эщ1ыкIуэдэжынури.

Пхъэщхьэмыщхьэнщэ дыдэу кьызэтенэнк1э хъуну губгъуэм зигу щ1эуэ зэлI1ээфызым, гупсысэ к1ыхьым зрамыгъэхьыу, я Iэщхьэлъащхьэр драхьейри, здитIысыкIа щ1ыпIэм и Iэгъуэблагъэм жыгыщ1э ц1ыкIуэр щ1ыхасащ, абы-хэм кьабГурытIысхьа унагъуэхэри Мортон зэщхьэгъуэсхэм я щапхъэ Iуэгъэзэджэм иригъэззэу щ1адзащ.

Ауэрэ екIуэк1ыгъэ, илъэс бжыгъэфI дак1эу, 1882 гъэм, Небраскэ штатым «Жыгым и махуэ» ф1эщыгъэ мэлыжьыхьым и 22-м щытрагъэIуk1ащ. «Щ1ым и махуэ» ар щ1ыхуэар 1970 гъэрэ.

А ф1эщыгъэр зи1э урысей экологие фестивалыр ди къэралым и кьалащхьэ Мэзкуу 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 22-м яп э дыдэу щрагъэкIуэк1ауэ щытащ. Абык1э жэрдэмкIэ ящ1ыхьат «Айрис ПРО» компанием.

Абы л1ьанд эрэ Урысей Федерацыем Щ1ыпIэм и хъугъуэфI ыгъуэхэмрэ экологиемк1э и министерствэм, УФ-м и Къэрал Думэм Щ1ыуэпсыр къэгъэсэбэпыныфэ экологиемк1э и комитетым, УФ-м и Президентым деж щ1ы1э Жылагъуэ палатэм, властым и федеральнэ нэгъуэщ1 Iуэхущ1апIэхэм а махуэм гулъытэ хэIэтыкIа хуащ1 ик1и ар илъэс кьэс ц1ыхубэм дагъэл1апI1э.

Щ1ым и махуэм хуэгъэзэ Iуэхугъуэхэр къезыхьэжьэхэм кьал эн нэхъыщхьэу зыхуаГъуэвыжьр дыкъэзыухъуреихь дунейр хьумэным и мыхьэнэр дэтхэнэ зы ц1ыхуми псом хуэмыдэжу кьытщ1эхьуэ щ1эблэм захегъэщ1ынырщ.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапи1э.

Къуэладжэми зыкъыщагъазэ

Авторалли

Автоспортымк1э Урысейм и кубокыр къэхъуащ1эм теухуа зэпеуэзым я «Ралли-Магас» 10-нэ Iыхьэр Ингушэ Республикэм мэлыжьыхьым и 4-м щек1уэк1ащ.

КОМАНДЭ 14 ф1эк1а зэхуэмысами, зэхьэзэхуэм и к1ыызэГъэпэщ1ык1эр ф1агъ л1ьагэ зи1эт. Ар шынагъэншэ щ1ынымк1и Урысейм и хабзэхьэм I энат1эхэм я л1ажьы-кIуэу Ингушэ Республикэм щ1ы1эхэм яхуэзф1эк1 къагъэнахьыж.

- Автоспортымк1э ингушхэм зэхаублэ зэпеуэзэм ди щ1ал эхэр иджы ет1уанэу догъакIуэри, абыхэм иджы к1ыздыщ1ажьыхьа гъуэгум асфальтыщ1э зэрытральхьам, ар зэрыщ1там елъытауэ куэдк1э нэхъ бГыуф1э зэращ1ами а щ1ы1эм дыз эрихьэу гу л1ытащ. Зэхьэзэхуэр зэрек1уэк1ым к1эл1ыелIтыр щ1абри трассэм пэгъунэгъуб1эт, ик1ыуре-ягъкIэ къэлъагъуэ Iэгъуэблагъэри дахэк1ейт, - жиащ Урысейм и ДОСААФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм хэт спорт-техникэ центрым и унафэщ1 Гъубжокъуэ Аслъэн. - Автоспортым гулъытэ хэха ди деж хуащ1ын зэрыщ1адзэрэ куэд щ1ау. Тхыдэ мыжьыкъэм к1ыызэрыхущ1ыжьмк1э, 1980-1981 гъэхэм СССР-м авторалл имк1э и чемпионатыр КъБР-м к1ыщ1ызэрагъэпэщауэ щытащ. Иужьк1э а спорт л1эужьыгъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым т1эк1у щ1ыз этежьыхьэжьауэ щ1ытаим, К1ушыбэ Юрий ди щ1ынальэм и Iэтащ1ыкэ зэрыгъуэ, Iуэхугъуэ щхьэпэм ди республикэм аргуэру зыкъыщрагъэжьыжьу щ1адзащ. К1ыхьэзгъэщ1ну сыхуейт мыбы хуэдэ зэпеуэзэр уи деж щебГъэк1уэк1ыным мыхьэнэшхуэ зэрил эр. Абы спортым дихьэхэм я бжыгъэм хегъахьуэ, зэхьэзэхуэр к1ыхьэзыгъэпэщ1 Iуэхущ1апIэхэм я пщ1эр е1эт, а щ1ы1эм щыпсэу щ1ыхуэхэм я щхьэр л1ьагэу яреГъэлъагъуж.

Гъубжокъуэм щыгъуаз дызэрыхуищ1ам-к1э, «Нив» - 4/4» спорт машинэр, Щэрэлъжь Алий и «гублащхьэдзэсу», Кьамбий Мурат и штурманэу, Ставрополь краймк1э жиубыдэ Арогивекэ кьалэм щек1уэк1э зэхьэзэхуэм хэтащ. «Ладэ-2115» автомобилыр, Гъубжокъуэ Заур зригъак1уэу, Бэджий Кьантемыр абы кьыбГурысу, Ингушэ Республикэм кьыщ1ызэрагъэпэщауэ «Ралли-Магас» зэпеуэм щ1ыщ1ащ, Гупитми тек1уэныгъэ я1эу Налышк ъагъэзэжащ.

- Автоспортымк1э Урысейм и мыгъэрей зэхьэзэхуэр Iыхьэ 22-уз зэпыудащ, - к1ыпищащ адзэк1э и псалъэм Гъубжокъуэ Аслъэн. - Аxэр щек1уэк1ынущ ди къэралым и щ1ы1эпIэ зэхьэзэхуэхэм: 5-р Урал Iипщэм, 5-р Ищхьэрэ щ1ынальэхэм, адрейхэр Кавказ Ищхьэрэм. Иужьрейуэ Ингушым щ1ыпр 10-нэ Iыхьэращ. Бжьыхьэ дызыхуэк1ынэ и жэпуэгъуэ маззм а щ1ынальэм аргуэру зы зэхуэсгъуэ к1ыщ1ызэрагъэпэщ1ынущи, абыи ди щ1ал эхэр хэдгъэтынну ди мурадц. Мы зэк1э абы нэхъ жьжьэ дыIукIыфынукъым, ежьэным тек1уадэ мыл ъкуэ к1ыызэрыдэмэщ1эк1ым к1ыхьэк1к1э.

- Зэхьэзэхуэр Iыхьит1у гуэшат: жэщырызежэрэ махуэхъэжьхъыу, - к1ыпищащ Ингушым щ1ыа машинэм и штурман Бэджий Кьантемыр. - Дэ а т1ыми дыхэтащ. Ассэ к1ейм дэт гъэзэр, нэгъуэщ1 зыри дыIукIыфынукъым, хуит къыхуащ1ат. Кило-метр 50 хуэдизк1э къуршымк1э дыдэк1ыуейщ, Джейрах кьуэладжэм зыкъыщыдГъазэри, апхуэдизу дыдэк1и дык1ъехьжащ. Трассэм и к1ыхьагъыр псори зэхэту километр 100 хъурт. Бгылъэ щ1ыпIэхэм прилъэгъуэрыкъу зыщ1ыгъэзэныр апхуэдизк1э гухэхъуэщ1ри, уи псэр тедымарэ нэфдзэгубдзаплъэ дыдэу узрижэ гъуэгум урипльэми, узыпхык1 щ1ыуэпсыр зэрыддахэ дыдэми гу л ъыбот э.

Тек1уэхэр Магас и ут нэхъыщ1эм щагъэлъэпIащ. Абыхэм кубокэр я1эщ1эзыльхьар Iуэхугъуэм и Iэтащ1ыкэ зэхьэзэхуэ щ1ам и щ1ы1эпIэ зыкъыщызыгъэлъэгъуэт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щ1ыхьэр ихьумащ Лэскэн щ1ынальэм хьыхэ Хьэтуей кьуажэм щыщ Кьуийщ1ыкIу Ахьмэд. Ар бэнэгъуи 6-м хэтащ. Абыхэм и дэтхэнэри гугъат, зэхьэзэхуэм къраГъэблагъэхэр зэф1эк1 зи1э защ1эу зэрыщытым кьыхэк1ыж.

Псом хуэмыдэу гукъинэжу ек1уэк1ащ зи хьэлъагъыр килограм 66-рэ хъурэм я к1ыуэ зэпеуэр. Ди л1ьахэгъуэ абы къыщыпэщ1этащ Мэхъэчкъалэ щыщ Зубаиров Арслан. Илъэс блэкIам ек1уэк1а ныбжьыщ1э Олимп Джэгуэвми, дунейпсо, европей зэхьэзэхуэхэми ар щытек1уат. Зубаировым и зэф1эк1 псори хилъхьэрэ Кьуийщ1ыкIум куэдрэ къебГэрэпыкIуащ, арщхьэк1э адыгэ щ1алэм абы зэрыпэлъэщ1ын кьаурэ Iэмалрэ кьызэкъуихащ, бжыгъэр 12:2-уз ар и хьэрхуэрэгъуэм текIуащ.

Дыщэ медаль зыIэрызыгъэхьа Хьэтуей щ1ал эм хьэхъу псалъэк1э зыкъыхуигъэзащ КъБР-м спортымк1э и министр Хьэщт Аслъэнбэч. «Зубаировым и зэф1эк1ыф1хэм сыщыгъуаз пэтми, Кьуийщ1ыкIур абы зэрытек1уэнур сщ1эрт», - к1ыхьихуащ1ащ абы.

Кьуийщ1ыкIу Ахьмэд щ1ы1эхэ зыхуигъэзырыныщ накъыгъэм Румыниием щызэхэтыну дунейпсо зэпеуэм. Абы и тренерщ Мэкъуауэ Малик.

Лэскэн щ1ынальэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.



И гъасакIуэ Мэкъуауэ Малик и гъусэу.

Щ1ым и махуэ

Ахьмэд и зэфIэкI

Каспийск къалэм Алиев Алий и цIэр зэрихьэу дэт спортымкIэ уардэ унэм мы махуэхэм щек1уэк1ащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ спортсмен ныбжьыщ1эхэр зыхэта урысейпсо зэпеуэ.

ДАГ"ЫСТЭНЫМ и жылагъуэ уэсщ1ак1уэ ц1эрыIуэ Асиятилов Суракат и фэеплъу къызэрагъэпэщ1а зэхьэзэхуэм Урысейм и щ1ынальэхэм к1ыкIауэ бэнэкIэ 300-м я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ. Абыхэм ящ1ыщ куэдыр 2014 гъэм щ1ыпIэ-европей, дунейпсо зэпеуэхэм ехьылIэныгъэкIэ зыкъыщызыгъэгъэлъагъуэт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щ1ыхьэр ихьумащ Лэскэн щ1ынальэм хьыхэ Хьэтуей кьуажэм щыщ Кьуийщ1ыкIу Ахьмэд. Ар бэнэгъуи 6-м хэтащ. Абыхэм и дэтхэнэри гугъат, зэхьэзэхуэм къраГъэблагъахэр зэф1эк1 зи1э защ1эу зэрыщытым къыхэк1ыж.

Псом хуэмыдэу гукъинэжу ек1уэк1ащ зи хьэлъагъыр килограм 66-рэ хъурэм я к1ыуэ зэпеуэр. Ди л1ьахэгъуэ абы къыщыпэщ1этащ Мэхъэчкъалэ щыщ Зубаиров Арслан. Илъэс блэкIам ек1уэк1а ныбжьыщ1э Олимп Джэгуэвми, дунейпсо, европей зэхьэзэхуэхэми ар щытек1уат. Зубаировым и зэф1эк1 псори хилъхьэрэ Кьуийщ1ыкIум куэдрэ къебГэрэпыкIуащ, арщхьэк1э адыгэ щ1алэм абы зэрыпэлъэщ1ын кьаурэ Iэмалрэ кьызэкъуихащ, бжыгъэр 12:2-уз ар и хьэрхуэрэгъуэм текIуащ.

Дыщэ медаль зыIэрызыгъэхьа Хьэтуей щ1ал эм хьэхъу псалъэк1э зыкъыхуигъэзащ КъБР-м спортымк1э и министр Хьэщт Аслъэнбэч. «Зубаировым и зэф1эк1ыф1хэм сыщыгъуаз пэтми, Кьуийщ1ыкIур абы зэрытек1уэнур сщ1эрт», - к1ыхьихуащ1ащ абы.

Кьуийщ1ыкIу Ахьмэд щ1ы1эхэ зыхуигъэзырыныщ накъыгъэм Румыниием щызэхэтыну дунейпсо зэпеуэм. Абы и тренерщ Мэкъуауэ Малик.

Лэскэн щ1ынальэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Дэтхэнэми и хъуэпсапIэр

Iуащхьэмахуэ районым егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и зэф1эк1 псори ирехьэлI1э ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъ сабийхэр школ программэм кьыкIэрымыкуу егъэджэныр.

ТЫРНЫАУЗ дэт лицей №1-м инноваци мкIэ къэрал программэм ипкъ ит к1э апхуэдэ сабийхэм еджэныгъэ, Iэсэснигъэ я л1ьэныкъэкIэ уаззрыдэлэжьэну Iэмал хэр ъарзынэу щ1ыбзыкъ.

Щ1ыкIуэм я бгъэдэлъ узыфэхэм тещ1ыхьауэ щ1ытщ дерсхэр зэрырат зэманри. Иджыпсту лицейм къокIуалIэ илъэси 2-17 ныбжьым итхэу щ1ыху 35-рэ. Я зэф1эк1рэ ныбжьк1э ахэр гупурэ гуэшащ. Апхуэдэу зэрыщытым егъэджэк1уэхэми езы сабийхэми Iэмал кьарт дэтхэнэ зыри я ныбжьэгъу щ1ыкIуэм яхэсу ед жэну.

Ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъхэм я Iуэхур нэхъри ефIэкIуэну гупсысэ щ1ащ1эм щ1ыгъэ ныкъуэдыкъуэм ди бынэр ГъащIэм кьыкIэрымыкуу, зэрыпсэун щ1эныгъэрэ Iащ1агъэрэ яГуэтынырщ дэ тщ1ыщ дэтхэнэми и хъуэпсапIэр», - жиащ абыхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Хъыбарегъащ1э

Шэрэдж Ищхьэрэ къущ1алъхуахэм, абы зи къуэпсыр ек1уэл1эж псоми Тек1уэныгъэм и махуэшхуэмк1э дыныв охъуэхъу!

Ди гуапэу фыкъыдогъэблагъэ Тек1уэныгъэ Иныр илъэс 70 щ1ик1ым теухуауэ накъыгъэм и 9-м сыхьэти 10-м щ1ыдзэу кьуажэм дэт курыт ед жапIэм щек1уэк1ыну зэхьихьэм.

Школым ед жапIэм щек1уэк1ыну зэхьихьэм. Университет